Kugutsikana Ndokuzova Nehanyn'a

Ndinokutendai zvikuru, hama.

Garai pasi. Ndinotora nguva ino somukana mukuru, wokuva pano manheru ano neHama Groomer, nokuchechi yavo, uye ndichikwazisa boka riri murwendo pano muTempe, Arizona. Ndinotenda izvi . . .

2 Rino ndiro guta here rakavakwa nevanhu vechiMormon, ndiro here? [Hama dzinoti, "Kwete. Mesa."—Mupepeti.] Mesa. Ndinoziva kuti nderimwe remaguta aya madiki. Makore mazhinji apfuura, pandakanga ndichiri mukomana, pakukumikidzwa kweTembere yechiMormon. Handirangariri kuti kwaiva kuTempe here kana kuti . . . Mesa uko kwarehwa nehama.

3 Uye nguva dzose ndinononoka, handibati nguva. Munoziva, vakandiudza kuti ndakati pfuurirei nguva yajairwa zvishoma, pakuuya kwangu panyika. Mudzimai wangu wakandimirira nguva refu, kuti tisvike pakuchata. Dai ndikangononoka kusvika pamusi wemariro angu; ndicho, ndicho chinhu chinotevera. Iyoyo ndiyo nguva yandinoda kunonoka kusvika pairi, kunyatsononoka. Asi vanhu vakandiitira zvakanaka pakundimirira.

4 Ndakapinda mudutu rechando ndikabatwamo kwemazuva mashoma, ndisati ndauya kuno, uye ndanonoka kuzosangana pano neHama Groomer nemazuva maviri. Ndingadai ndakauya pano Chipiri chapfuura manheru. Asi takaita zvirongwa zvokuti tibatikane, uye, kana nzira yese yavangada kuti zviitike. Pamwe ndingangopotsa pane zvizvi. Asi vakazvigadzirisa, saka ndichakwanisa kubatikana nazvo, zvakadaro.

5 Manheru apfuura takava neshumiro yaishamisa, uko pa—pane imwe chechi, kunze, neHama Hatton, ndinotenda kudaro, hongu, Hama Hatton, murume weChikristu akanaka akadzikama. Ndakasangana navo nezuro, ndikagara navo muimba yavo yokuverengera, uye tikava nenguva yekuyanana, tikanamata tose. Takava nesevhisi inoshamisa kunze uko, manheru apfuura, asi takati garei nguva yakareba, tikagarisa vanhu ipapo kusvikira nguva dzapera. Iyoyo ndiyo inoita setsika yangu. Asi manheru ano handisi kuzoita izvozvo. Kwete. Ha—handitarisiri kuti ndichaparidza nguva refu kupfuura maawa mana. Ha—handimbotarisiri kudaro. Saka, munoona, ndizvo zvakarurama, patabhenakeri kana kuti kumwe.

6 Ndiri kuona dzimwe dzeshamwari dzangu dzinobva kumusoro kwakapoteredza Jeffersonville, kana kuti vatishanyira. Tine vanhu vakagara kunze uko pamberi pedu, manheru ano, ndiri kuvaona, vanotyaira nzira yose kubva kuMacon, Georgia, Svondo yega yega. Kuti vave . . . Mazana manomwe, gumi nemana . . . Mazana gumi nemashanu amamaira, kuenda nokudzoka, kuti vauye kuchechi neSvondo. Uye havangozviiti kamwe chete. Zuva roga roga regore patinoita sevhisi patabhenakeri, vanotyaira kubva zasi uko kuMacon, Georgia.

7 Ndiri kuona Hama neHanzvadzi Dauch pano vekuOhio. Hama Dauch vakwegura, asi ivo nemudzimai wavo pamwe chete, uye Ishe vakavanakira. Uye vano—vanotyaira Svondo yoga yoga, vaviri ava vakwegura, kubva kumusoro kuOhio, kubva zasi, munzira dzine magodo echando. Uye iye, mudzimai, atyaira nzira yose kubva kuOhio, pano, kuti vave musevhisi.

8 Uye pano vanhu varipo, kubva kuMacon nenzvimbo dzakasiyana—siyana, vaungana pano nokuda kwesevhisi. Tinofara kuva neshamwari dzakadaro. Tinofara kugoverana makomborero edu pamwe chete, kuyanana kwedu pamwe chete, zvirokwazvo tinopupura kuti tiri vapfuuri nevaenzi. Uno hausi musha wedu.

9 Ndinotenda, ndangotarisa ndikaona hama vabva kwese kuIowa, zasi uku, kana zviri izvo. Handizvo here, hama? Pano, mukuwasha waHama Norman kubva kuIowa?

10 Takaita saAbrahama. Taka . . . siya nyika. Uye tiri kutsvaga Guta iro Muvaki neMugadziri waro anova Mwari. Tiri kutenda kuti, rimwe zuva, rimwe zuva rinobwinya, tichaona Guta iroro. Chishuvo chemwoyo wangu wose kuona Guta iroro rinobwinya.

11 Zvino, tirikuvimba kuna Mwari, kuti atiropafadze manheru ano, nekutipa zveHupo hwaKe.

12 Uye ndanga ndichitaura izvi kuti pangove nekakushanduka kadiki, muhupo, kuti pave nokumbonyemwerera zvishoma, ipo pandati, "Kuparidza maawa mana." Zvino, ndine mhosva nokuda kwaizvozvo, munoona, uye vanhu vane mhosva yokugara vachiteerera kwenguva yakareba kudaro. Asi zvaka—zvakaoma, kuvaomesera zvakadaro.

13 Ino ichechi diki yakavakwa—zvakanaka. Ndinokwanisa kuona munhu wese. Ingava nguva yakanaka, nzvimbo ino, kuva nesevhisi yokupodzwa kwavarwere, tikava neimwe imwe nguva, kuti tive nayo.

14 Ndinocherechedza, uko kumashure uko, ndinoona Hanzvadzi Evans kumashure uko. Handioni Hama Evans. Vanobvawo zvakare zasi kuMacon, Georgia, zasi kunyika inodziya. Vakataura nesu nguva ichangopfuura, uye kuti vakanga vachienzanisana namaYankee kumusoro uko. Kwaiva nemainji mapfumbamwe echando. Saka, vaiva, nechimwe

chinhu chekuzvirumbidza nacho, nokuda kwechando chose ichocho. Makava nerwendo rwakanaka here? Izvozvo, zvakanaka, zvakanakisa, Hama Evans.

15 Kachapupu kadiki kaHama Evans shure uko, kandiri kuda kutaura, kana zvakakunakirai, Hama Evans. Kana zvaka . . .

16 Mazivaniro andakaita naHama Evans, kwaiva ku—kuMet, kumusoro kuPhiladelphia. Hama Theo Jones, vazhinji venyu vakanzwa nezvavo, ihama yeFull Gospel, muparidzi akanaka chaizvo. Zvino takasangana, vakandibvunza kana ndaikwanisa kuenda kuMet navo kwehusiku hwakati wandei hwemasevhisi, uye izvozvo ndakabvuma kuzviita kune kwataibva. Uye Hama Leo Mercier neHama Gene Goad vakanga vazivana naHama Evans neimwe nzira, uye vakati, "Pane murume anoda kusangana nemi neimwe yemainterview epachivande," akati, "kubva zasi kuGeorgia."

Zvino ndakati, "Zvakanaka." Uye mudzimai wangu nemukomana mudiki . . .

17 Joseph mudiki, sezvo vazhinji venyu vanorangarira, Ishe vachindiratidza, makore matanhatu asati azvarwa. Chiremba akati, "Hazvaikwanisika. Aisakwanisa kuvapo." Asi Ishe vakati zvaizokwanisika, saka Joseph akauya ipapo, panguva chaiyo. Saka isu . . . Akanga ave nemakore anenge maviri ipapo, kana matatu.

18 Ndinorangarira mangwanani atakamuka tiri muhotera. Joseph akanditarisa pandaipfeka kuti ndiende kunodya kudya kwamangwanani naHama Evans. Ndakanga ndisina kumbosangana navo. Saka ndakati kumudzimai wangu, "Meda, unoziva, mudiwa, kuti, murume watiri kunosangana naye . . . " ndakamutsanangura chimiro chake. Ndakati . . . Iye nemudzimai wake. "Zvino ndaona chiratidzo chake mangwanani ano. Anofarira kuredza asi anotyora mutemo wokuraura." Saka ndakati, "Ndino—ndino—ndinomuona achiita zvaasingafaniri kuita." Ndakati, "Handizivi kuti ndomuudza here kana kuti kwete."

"Zvakanaka," akati, "zviri nani uzviite wakadzikama."

Ndakati, "Ndichadaro."

19 Zvino Joseph mudiki akamuka pamubhedha. Akati, "Baba, munoziva kuti David achaita tsaona nomudhudhudhu wake?"

Zvino ndakati, "Chii ichocho, mwanakomana?" Amai vake vakazvibata.

Ndakati, "David."

20 David Wood muvakidzani wangu. Aiva muJehovah Witness, uye gumbo rake rakanga rine—rakanga rine kakuremara kubva pahuduku, ndokupfupikisa gumbo rake. Zvino pane mumwe musangano, baba namai vake vaiva naye ikoko. Uye Jesu Kristu akazarura zvese pamusoro pake, zvaaiva, akamuudza kuti

asimuke netsoka dzake. Rakaitwa zvakanaka, uye apo gumbo rakabuda zvakanaka, ranaka. Zvino baba vake muvaki. Vakapa mwoyo wavo kuna Ishe Jesu ipapo, vakauya kuzogara pedyo neni, uye vanga vachigarapo kwemakore akati kuti apfuura. Zvino mukomana, kunze kwekuti afunga, haatombozivi kuti raiva gumbo ripi rakanga—rakanga rakakuvara.

21 Pane vanhu vakagara muno, manheru ano, vanoziva mukomana wacho. Vangani venyu pano vanoziva David Wood? Pane vazhinji venyu, chokwadi, vaka—vaka—vakaona mukomana iyeye.

22 Zvino Joseph akati, "Ndakaona David achikuvara pamudhudhudhu, zasi kwenzira pedyo neimba yechikoro."

23 Zvakanaka, ndakafunga. Mazuva mashoma izvozvo zvisati zvaitika, wakandiudza kuti akanga akamirira hanzvadzi yake duku kuti iuye kumusha. Wakanga akatasva chibhasikoro chake. Akati, "Baba, ndaona . . . " Akati, "Kune Murume here kumusoro *uko*, a—ane ruvoko rwakakura *zvakadai*?"

Ini ndikati, "Handizivi. Nemhaka yei?"

24 Iye akati, "Ndakatarisa mudenga." Uye akati, "Ndanga ndichidzika ndakananga mugwagwa, ndakatasva chibhasikoro changu." Uye akati, "Ndaona ziruvoko hombe, ranga richiita soruvoko rwaJesu, rwuchindirambidza kuenda mumugwagwa iwoyo."

25 Zvakanaka, hatina kumbofunga zvakanyanya pamusoro pazvo. Asi paatiudza pamusoro pechiporofita ichi, chokuti David anga achizokuvara ari pamudhudhudhu, zvanditi shamisei. Uye munoziva, takanga tiri kumba mazuva matatu . . . Uye akandiudza kuti raizenge riri gumbo ripi, "Rokurudyi. Zvaizobvarura nhumbi dzake, zvichikuvadza divi rake rokurudyi."

Takati, "Wakazvirota manheru apfuura, Joseph."

26 "Kwete, kwete." Haana kuzvirota. Akadaro. "Nda—ndaona Da—da izvozvi zvichiitika." Maona? Zvakanaka, ndangofunga kuti ari kungoenderera hake mberi.

27 Mazuva matatu mushure mokunge taenda kumba, David akatasva mudhudhudhu. Mumwe mukomana wakabva kuLouisville nomudhudhudhu. Akadzika nomugwagwa, uye panzvimbo ipapo chaipo akadonha nomudhudhudhu, ndokusvuuka gumbo rake rose, kudivi rorudyi.

28 Uye ndiro—ndiro zuva randakasangana naHama Evans. Saka mushure mokunge ndataura navo, uye ndikaona kuti ihama yokuChamhembe yakanaka, ndakati, "Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu." Ndikati, "Munoenda kunoraura zasi uko pane imwe nzvimbo pamahombekombe. Yairatidzika seFlorida, kwandiri."

Iye akati, "Ndinodaro."

29 Ini ndikati, "Nguva shoma yapfuura makabata saga rakazara rehove. Hamaifanira kuva nedzakawanda zvakadaro," ini ndakadaro. Uye iye akati, zvinoita sokunge. . . Chiso chavo chakashanduka chikaita chitsvuku; ndokubva vatarisa pasi. Uye ini ndikati, "Imi manga mava kubuda, imi nomwanakomana wenyu, uye makaviga hove idzodzo rutatu, nokuti makanga maona muchengeti wemhuka dzesango nechokumucheto. Makafunga kuti ndiye."

30 Iye akati, "Hongu, changamire. Ndizvozvo." Chiso chavo, chakanyatsotsvuka, ivo nomudzimai wavo.

Ndikati, "Panongova ne. . . ."

Iye akati, "Ndi—ndi—ndine urombo. Ha—handaifanira kuita izvozvo."

Ini ndikati, "Asi zvirokwazvo ndingadawo kuenda zasi ikoko kundoraura."

Zvakanaka, akaenda neni. Ndakaenda zasi ikoko.

31 Uye, kumashure uko, kune nyoka dzakaipa zvikuru kunzvimbo idzodzo, mhuka huru dzinenge mipurwa, namakarwe, nyoka, nezvose, ikoko. Dzinotyisa kupfuura mhuka dzekuArizona sema goritoto echiGila. Vane dzavanoti ground rattler, kanyoka kadiki, uye ya—yakaipisisa. Uye munin'ina wake akarumwa neimwe yadzo, mwedzi mitatu kana mina kumashure, uye wakanga achine vanga iro pagumbo rake, nebhandeji pariri, kwemwedzi nemwedzi. Uye akagara muchipatara, asingazivi kuti achararama here kana kuti achafa; munin'ina wake.

32 Saka ini neHama Evans takanga tadzokera ikoko, uye ndakanga ndichiraura. O, ndakanga ndava nezuva rakaisvonaka.

33 Ini ndinongofarira hangu kuraura. Ini, ndiri murauri asingagoni zvachose munyika ino, asi ndine mutungamiriri wakanaka: Iye. Uye Anondiudza kuti dziri papi, uye kazhinji ndinodzibata.

34 Uye ndakabata dzimwe dzakanaka musi iwoyo. Uye ndakabata imwe hombe, hombe hombe yerudzi rwebass, yairema anenge mapaunzi gumi kana gumi nerimwe, ndinofunga kudaro. Ndakatadza kuitakura. Uye yakanga yasvipa nyuchi hombe. Uye muromo wayo wakanga wakaita *sezvizvi*, uye nyuchi hombe iyi yakanga yakaita *sezvizvi*. Yaigona kusimuka, yoizunza kubva mumuromo mayo. Uye yakanga yakatsamwa zvikuru. Ndakaikandira zvakare mumvura, asi ndakazoibata rwechitatu.

Zvino Hama Evans vakati, "O, ibatei, Hama Branham."

35 Saka ndakanga ndichigwinha—gwinha rutanda urwu, ndichiedza kuti hove iyi idyire zvakare, uye imwe, o, chimwe chinhu, imwe hombe yakachiruma, ndikaiita kuti isvike

pakunge yaneta. Ndakaiita kuti isaenda kune mahapa omudziva kusvikira yave kuswedera kumahombekombe.

36 Hama Evans vakanga vakagara ipapo, tsoka dzavo dzakanga dzanyorova. Vakapeta mutirauzi wavo, uye vakanga vabvisa shangu dzavo. Vakanditi, "Imbomirai kwechinguvana." Rutava nezvimwe zvanga zvasimuka, zvabuda saizvozvi. Akati, "Regai ndiibate."

37 Ini ndikati, "Musanetseka zvenyu. Ndichaidhonza ibude, zvakadaro. Yakabuda, tikabata dzakawanda."

38 Saka ndakatanga kudhonzera kunze, sezvizvi. Ndikati, "Ndichaibata." Pavakafamba vachibuda, nyoka yeground rattler yakavaruma, pavakangotanga kubuda, napamusoro chaipo petsoka, nechepanotangira mupimbira.

39 Handisati ndakamboona ma—maratidzikiro echiso akadaro, kana kunzwa kuzhambatata kwakadaro. Vakabuda ipapo, vakabata namavoko avo *sezvizvi*, uye vakaruma mazino avo. Ndakatarisa, uye pakanga paine paduku, pakanga pakaparadzana apo pavakarumwa gumbo nemazino enyoka achipinda mugumbo ravo.

40 Zvino, unobva wava munhu anorwarisa pasi rose, mumaminitsi mashoma. Uye unotofanira kuwana rubatsiro pane imwe nzvimbo, nokuti ukasadaro unofa. Uye u—u—uturu hweground rattler ichepfu chaiyo.

41 Zvakanaka, ivo munhu muhombe. Uye ini ndiri munhu muduku zvakanyanya zvokuti ndikwanise kuvatakura mamaira maviri kuvaendesa kune motokari, nomumajahwi awo. Uye tanga tichiona makarwe kwese kwese, uye ini handina kushinga kokumira—mira paanenge ari, kwete. Saka ndakafunga, "Ndoita sei?"

42 Zvino ipapo chimwe chinhu chakaita sechiri kutaura neni, uye ndikaona Gwaro raIshe, raiti, "Uye vachatsika misoro yemarize, nemisoro yenyoka, uye hapana chichavakuvadza." Saka ndakafunga pamusoro pomunin'ina wake, asi munin'ina wake haasi mutendi. Haasi Mukristu. Asi murume uyu Mukristu. Saka iye waingoyuwira akabata gumbo rake.

43 Ndakaisa mavoko angu pamusoro pake. Ndikati, "Baba vari Kudenga, tiri munguva yenjodzi, uye ini—ini handigoni kutakura hama yangu. Uye pamusoro paizvozvo, anezenge ava kunyanya kurwarisa, panguva iyo yandinobuda naye pano, uye handizivi kuti tinogona kuzosvika naye here kwaanowana rubatsiro nenguva kana kuti kwete. Uye zvakanyorwa muShoko reNyu, kuti, 'Hapana chichavakuvadza.' Uye uyu mutendi."

44 Zvino ndakacherechedza kuti akabva arega kurwadziwa kana kuti kuita ruzha. Uye pandakapedza kunamata iye wakanga agara pasi, akanditarisa, achiseka. Akati, "Kurwadza kwese kwapera."

45 "Zvakanaka," ndakati, "toenderera here mberi?" Takaenderera mberi nokuraura. Takaraura muswere wese, nehusiku ihwohwo, kusvika nguva dzinenge dzegumi neimwe manheru.

46 Takabata hove zhinji dzerudzi rwebass kusvikira, patakadzokera kuguta zvakare, sei, vakanga vari kunze uko vachitora mapikicha, vachiaona, pakati pohusiku, nguva dzinenge dzegumi neimwe.

47 Uye munin'ina wake, uya wakamborumwa nenyoka, waiva ne—nechitoro chinotengesa zvirauro. Zvino akauya, ndokubva tamuudza rungano urwu, ndokumuratidza parumwa. Uye munin'ina wake akabva ati, "Zvakanaka kunamata, asi kwete kuita hupenzi." Akati, "Mhanyirai kuchipatara nokukurumidza kwose kwamunogona, mugowana rubatsiro."

48 Hama Evans vakati, "Kana Mwari Samasimba andichengetedza kubva nguva dzegumi neimwe mangwanani kusvika nguva dzegumi neimwe husiku, saka zvatopera." Haana kuzomborwadziwa zvakare.

49 Mungasimuka here, Hama Evans, kuti vanhu vaone wandiri kutaura pamusoro pake? Iyi ndiyo hama yacho iri pano iyo. Hama Dauch . . .

50 Uye, o, Iye ndiMwari kwese kwaunenge uri. Ndiye Hupo husingakundiki hwaJesu Kristu. "Tarirai, Ndinemi nguva dzose, kusvikira kumagumo enyika." Uye Ndiye anodenha, kuti uise kutenda kwako, nguva ipi zvayo yaunoda, muShoko raKe, uye Iye achaita kuti riitike. Zvino ini . . .

51 Mukana wakanaka kuva pano usiku huno neHama yedu yakanaka Groomer. Uye ndaka . . . Ivo vanga vachinditevera nguva refu, kuuya kuno. Uye ndinofunga kuti chinhu chakaisvonaka kuva pano usiku huno, uye nedzimwe hama idzi dzakanaka, ndichisangana neHama Ballard vari pano, navazhinji venyu. Uye tose tiri kutarisira kuti tive pakudya kwamangwanani kweVarume vaMabhizimisi. Uye zasi uko—uko . . . Panonzi chii zita repaya? Ramanda. Ndazvidaidza zvakanaka here? Ramada. ChiSpanish here ichocho?

52 Ndinorangarira imwe nguva ndakadzidza shoko rimwe rechiSpanish, "Oye." Handisi kudzokorora inzwi iri zvakare. Zviri nane ndirisiye. Ndiri kureva kuti, "Muri kundinzwa here?" Kana chimwe chinhu chakadaro, "Oye." [Mumwe munhu anoti, "Oye"—Mupepeti.] "Oye." Ndizvozvo. "Oye." Ndizvozvo.

53 Uye izvozvo, "Gloria a Dios," Mwari ngaarumbidzwe. Ndizvozvo, "Gloria a Dios." Ndinozvirangarira kubva kare, saka ndichiri kungodanidzira, "Gloria a Dios."

54 Saka zvino, manheru ano, kuitira kuti musagarisa muno nguva refu, uye—uye ndinongoda nguva pfupi yekuyanana.

55 Uye ruregerero, ndakamira pano papuratifomu, ndichitaura izvi nomufaro, nokuti ndinofara chaizvo kuva pano. Ndinofunga kuti Mwari anoda kuti vana vaKe vafare. Ini—ini ndinotenda kuti tinogona kuzvisvitsa kuchiyero chisiri icho, uye—uye tisinganyatsi kurevesa pamusoro pazvo. Asi ndinotenda kuti Mwari anoda kuti vanhu vaKe vanyatsofara, uye vachiyanana, vaine hushamwari kubva mumwoyo yavo. "Vachidanana saMwari, nokuda kwaKristu, kana kuti Kristu sezvaakatida." Ndinofunga kuti ndicho chikonzero tichifanira kuva Makristu anofara.

56 Zvino, tisati taverenga Shoko, ngatitaurei neMunyori waro kwechinguvana, patiri kukotamisa misoro yedu. Uye zvino takakotamisa misoro yedu, apa isu, tichitsaura nguva duku yokuyanana zvino pamwe chete, kuti tijairirane nokuvandudza kuyanana kwedu. Handizivi, muchivakwa chino chiduku chandiri kuona husiku huno, kunze kana kuti mukati, kana paine zvikumbiro zvinoda kuziviswa, mungaita kuti zvizivikanwe nokusimudza ruvoko rwenyu. Mwari bedzi ndiye anoziva mwoyo yenyu. Mwari aite tsitsi. Mwari aite tsitsi. Zvino Iye anoziva chaunoda. Vangani vane chavanoda chepamweya, kuti musimudze mavoko enyu? Mwari ngaakuropafadzei. Uye zvino kuitira kupodzwa kwemitumbi yenyu, simudzai mavoko enyu, tione kana paine vanhu vanorwara. O, ini zvangu! Inyika yekare inorwara, haisi here? Ngatitaurei naYe Iye anogona kuti zvakakanganisika zviruramiswe.

57 Mwari Samasimba, sezvaMakazviratidza kuna Abrahama muZita raMwari Samasimba, Imi munobva kuziendanakuenda muchienda kuziendanakuenda, Mwari Samasimba. Uye tinofara zvikuru manheru ano kuti tine mukana wekuuya kwaMuri. Tichiziva izvi, kuti tikauya muno tadanwa naJesu, tine simbiso iyi yokuti Makatiteerera. Nokuti Iye akati, "Kumbirai Baba chipi muZita raNgu, Ndichazviita." Zvino, tinozvitenda, nokuti iShoko raMwari. Uye tine zvikumbiro zvizhinji manheru ano, Ishe.

58 TinoKutendai nokuda kwechechi iyi, uye nenyika umo matinogona kuva neshumiro yakaita seino, nokuda kweguta risina kuvhara masuwo aro. TinoKutendai nokuda kwemufundisi wayo, hama yedu inokosha, uye nokuda kweboka, madhikoni, matrustee, nenhengo dzose. Uye, Mwari, pamusoro peizvi zvose, tinoKutendai nokuda kwemufambi mumwe nomumwe ari pano manheru ano, avo vari kufamba nesu panyika pano.

59 Tauya pamwe chete, Baba, mukurevesa kokushumira, uye tichitenda kuti Imi muchasangana nesu, uye musingakundiki kutiropafadza, nokutipa zvidukusa zvezvishuwo zvedu. Uye Imi maona mavoko evanhu ava asimudzirwa danho ravo repamweya. O Mwari, dzingirai shure kutya kwose nokupokana, manheru ano. Dai Mweya Mutsvene wawana kutonga kuzere.

60 Mwari, tinonamatira avo vari muchimiro chenyama ino, yakakanganisika, zvinovatadzisa kufara muhupenyu, avo vaitirwa zvakaipa nokurwariswa naDhiyabhorosi. Itai kuti vazive, manheru ano, kuti nemavanga aIshe Jesu tose mumwe nomumwe takapodzwa. Dai tikawana kushinga manheru ano kuti tikwire muHupo hwaMwari, nokutenda. Nokuti zvirokwazvo, Mwari ndiBaba vedu, uye kutenda ndivo amai vedu vanotisvitsa paKuzvarwa, kuna Mwari. Saka dai isu, naamai kutenda, taunzwa muHupo hwaMwari Baba Avo vakapa vimbiso. Uye nokutidzikinura kubva mukuipa kwose, sezvaAkatidzidzisa kunamata, "Tirwirei kubva kune wakaipa."

61 Zvino, Ishe, ropafadzai vashumiri ava vashanya. Ungano yeVarume veMabhizimisi veChikristu vauya, tinoinamatira, kuti mweya mizhinji iponeswe. Uye patinobva manheru ano, dai tikagona kutaura seavo vakanga vabva kuEmausi, "Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu munzira?"

62 Ropafadzai Shoko reNyu patava kuRiverenga. "Shoko reNyu Mwenje," Chiedza chinopa Chiedza kubva panyika kuenda mukubwinya. Uye dai tikati kwirei zvishoma pamanera manheru ano, Ishe, nokuda kwekuyanana kwedu pamwe chete muHupo hwaJesu Kristu. Zvino, Baba, kubva panguva ino, huyai pakati pedu. Torai Shoko raMwari mupenyu mugoRipa kumwoyo wose une nzara. Tinokumbira muZita raJesu. Ameni.

63 Zvino, imi munoda kutora magwaro, kana kuti munoda kuverenga Magwaro nesu, vhurai Mabhaibheri enyu kuna Mutsvene Johane, chitsauko 1, ndinoda kuverenga pakati rebei kubva muShoko, kubva muna Mutsvene Johane, chitsauko 1. Zvino tave kutanga pandima 15 ya Mutsvene Johane chitsauko 1.

> *Johane wakamupupurira, akadanidzira, achiti, Uyu ndiye wandaireva ndichiti, Uyo unouya shure kwangu wakavapo mberi kwangu: nokuti wakanditangira.*
>
> *Nokuti pakuzara kwake isu tose takapiwa, nyasha pamusoro penyasha.*
>
> Zvino *murairo wakapiwa naMosesi, asi nyasha nezvokwadi zvakauya naJesu Kristu.*
>
> *Hapana munhu* aka*tongoona Mwari nguva ipi zvayo; asi uyo Mwanakomana wakazvarwa ari ega, uri muchifuva chaBaba, . . .ndiye* aka*muzivisa kwatiri.*
>
> Nokuti *uku ndiko kupupura kwaJohane, musi uyo vaJudha vakatumira kwaari vaprisita navaRevi kubva kuJerusarema kuzomubvunza, Iwe ndiwe aniko?*
>
> *Akatenda pachena, haana kuramba; asi wakatenda pachena, handisi Kristu.*

Vakamubvunza vachiti, asi kuti kudiniko? Ndiwe Eriya here? Iye akati, Handisini. Ko uri uya muporofita here? Iye akapindura akati, Kwete.

Zvino vakati kwaari, Ndiwe aniko? kuitira kuti tigopa mhi—mhinduro kune vatituma. Unozviti aniko?

Zvino *iye akati, ndini inzwi rounodana murenje richiti, Ruramisai nzira yaShe, sezvakarehwa nomuporofita Isaya.*

Avo vakanga vatumwa vaiva vavaFarise.

Vakamubvunza, vakati kwaari, Kana usiri Kristu, kana *Eriya,* kana—kana *muporofita uya, unogobhabhatidzireiko?*

Johane akavapindura, achiti, ini ndinobhabhatidza nemvura: asi pakati penyu pamire, mumwe wamusingazivi;

Iye, uyo unouya shure kwangu wakavapo mberi kwangu nokuti wakanditangira, uyo wandisingakodzeri kusunungura tambo dzeshangu dzake.

Zvinhu izvi zvakaitwa muBhetabhara mhiri kwaJorodhani uko Johane wakanga achibhabhatidza.

Zuva rakatevera . . . (Ruregerero.) *. . . Johane unoona Jesu achiuya kwaari, achibva amuti, Tarirai Gwayana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika.*

Uyu ndiye . . . wandakati, Mushure mangu kunouya munhu wakavapo mberi kwangu: wakanditangira.

Asi handina kuMuziva: asi kuitira kuti aziviswe kuIsraeri, ndicho chikonzero ndauya ndichibhabhatidza nemvura.

Uye Johane wakapupura, achiti, Ndakaona Mweya uchiburuka kubva Kudenga senjiva, ukagara pamusoro pake.

Uye ini handina kumuziva: asi uyo wakandituma kuti ndibhabhatidze nemvura, ndiye mumwe chete wakati kwandiri, Pamusoro—pamusoro pouyo wauchaona Mweya uchiburukira, nokuramba uri paari, iyeye ndiye mumwe chete unobhabhatidza noMweya Mutsvene.

Uye ndakaona, ndikapupura kuti uyu ndiye Mwanakomana waMwari.

Zvakare zuva rakatevera kumira kwaJohane, nevaviri vevadzidzi vake;

Uye vachitarisa kuna Jesu paaifamba, . . . paakanzi, Tarirai Gwayana raMwari!

Zvino vadzidzi vaviri ava vakamunzwa achitaura, vakabva vatevera Jesu.

Uyezve *Jesu achicheuka, achivaona vachimutevera, akati kwavari,* Munotsvakeiko? *vakati kwaAri, Rabhi,* (*zvichireva kuti, kana zvichidudzirwa, Tenzi,*) *munogarepi?*

Zvino *iye akati kwavari, Uyai . . . muone.* Zvino *ivo vakauya vakaona kwaAigara, vakagara naye zuva iroro: nokuti yakanga yava nguva inenge yegumi.*

Mumwe wevaviri vakanzwa Johane achitaura, vakamutevera, waiva Andrea, munun'una waSimoni Petro.

Iye wakatanga kundotora mukoma wake Simoni, akati kwaari, Tawana Mhesiya, *uyo, kana zvichidudzirwa, Kristu.*

64 Dai Ishe vakawedzera maropafadzo aVo pakuverenga uku kweShoko raVo. Uye zvino, nechido chakadzika, ndinoda kuti muteererese kwenguva shoma shoma kuka—kukanyaya kaduku, kana ndingakadaidza saizvozvo. Ndagara pabhenji, nguva shoma yapfuura, nguva inenge yetatu kana kuti yechina masikati, ndichiverenga, izvi zvandibata. Uye kuti nditore musoro wenyaya kubva pane zvizvi, ndinoda kutora izvi, mashoko maviri awa: *Kugutsikana Ndokuzova Nehanyn'a. Kugutsikana Ndokuzova Nehanyn'a.*

65 Zvino, tiri kurarama munguva yakaipa. Tiri kurarama munguva yokuwa kukuru. Tinozviziva izvozvo. Tinozviziva.

66 Manheru apfuura ndakanga ndichiparidza pamusoro penyaya yo*Kufungidzira*, zasi uko pane imwe chechi. Vanhu vachingoita zvimwe zvinhu, vachingofungidzira kuti ivo Makristu. Uye shoko rokuti *kufungidzira*, sezvatakatsanangura manheru apfuura, zvinoreva "kupinda muchinhu usina chokwadi pazviri." Uye vanhu vazhinji nhasi vari kungoita zvinhu vasina chokwadi. "Zvakanaka," vanoti, "Ndakaita *chakati* ne *chakati.* Ndakajoina chechi. Nda—ndakanyudzwa mumvura. Ndinofungidzira kuti ndiri Mukristu." Izvozvo hazvishandi. Izvozvo, haungangoiti zvekufungidzira. Unofanira kuva nechokwadi kuti uri. Maona? Iwe, iwe unofanira kunyatsoziva kuti uri Mukristu. Saka, nhasi, ndinonzwa, ndakatarisana ne . . .

67 Nyika yedu yava nenhengo dzeChikristu dzakawanda kupfuura zvati zvambozivikanwa nenyika ino. Asi munoziva here, kuti gore rakapera, tichitevera humbowo hwokuverengwa, kuti hapana kumbova ne . . . hapana seminari. Seminari imwechete bedzi ndiyo yakapotsa yave nohuwandu hwakada kufanana nevanhu vayaive nayo gore rapfuura. Asi seminari yoga yoga, kana chikoro, kana Chikoro Che Bhaibheri, chaisara chisina vaparidzi vakachikwanira. Apo vechiduku,

vane kudanwa muhupenyu hwavo, kuti vaende mumunda nezvakadaro, vanoenda kunodzidziswa, nezvakadaro, pavaimbomira mumutsetse kuti vawane nzvimbo muzvikoro, asi iko zvino hauchagoni kuvanyengetedza kuti vapindemo. Pane chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo. Maona? Ndinotenda, nomwoyo wangu wose, pasina, ndinotarisira kuti handisi kutaura zvisiri izvo, asi ndinotenda kuti zvakonzerwa nokushaiwa kwechido nazvo, hanyn'a, kushaikwa kwehanyn'a yakakwana. Pane hanyn'a yakawandisa yokuda kugadzira mabhombu eatomiki, hanyn'a yakawandisa yokuti ndiani uchatanga kuenda kumwedzi. Uye—uye ini handina basa nokuenda kumwedzi. Ndinoda kuenda kuDenga, ndiko kwandinoda kuenda.

68 Munoziva, vanogara vachingodanidzira vachiti "Tisu takatumira munhu muchadengadenga kutanga." Russia inogara ichingodanidzira kwatiri, "Takatumira munhu muchadengadenga."

69 Nemhaka yei, isu tanga tine Mumwe muchadengadenga kwemakore zviuru zviviri. Zvechokwadi. Isu, ivo . . . ? . . . vari—vari kumashure chaizvo, vari kumashure kwedu nemakore zviuru zviviri. Isu takatova neMunhu muchadengadenga umu kare kare, zvino, zviuru zviviri zvamakore zvapfuura, akamuka kubva muguva, uye wava muchadengadenga, nekwese, kwose kwose. Zvirokwazvo. Saka Ndiye watiri kutarisa kwaari. Achatitora oenda nesu uko kwaAkareva. "Muimba yaBaba vaNgu mune dzimba zhinji dzakanaka, saka ndava kuenda kundokugadzirirai nzvimbo." Kumusoro kwekumusorosoro pane imwe nzvimbo, handizivi, asi Achadzoka kuzotigamuchira. Ndizvo zviripo. "Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika, uye musatya." O, ndinozvida izvi. Izvi zvinoita kuti ndizvizive, kuti, "Pane musha muDombo pane imwe nzvimbo, mberi kumusoro kwegomo," sezvakataurwa nanyanduri.

70 Zvino, kuwa uku kunobva pakushaya hanyn'a noMutumbi waKristu. Ndinotenda kuti pamwe imhaka yokuti chinhu chaicho hachisati chaunzwa pachena. Saka vadzidzi vazhinji vechidiki vangagamuchira kudana uku muhupenyu, vanoona kukundika kuzhinji kunze uku, uye voona zvamazvirokwazvo kuti hurongwa namaitiro zvezuva ranhasi zvakundika. Kwete . . . Kristu haana kukundika, asi maitiro atakagadzira ndiwo akundika. Hurongwa hwaKristu hahuna kukundika. Asi maitiro avanhu ndiwo akundika. Zvino, Kristu ane hurongwa hwatinofanira kupinda mahuri.

71 Zvino, tinogona kugara nguva refu paMagwaro mashoma iwaya nezvinhu zvandanga ndichida kutaura nezvazvo. Asi kuti tikurumidze, ngatitangei zvino titange muBhuku raIsaya, uye titange naJohane achinzi "inzwi rouyo unodaidzira murenje," makore mazana manomwe negumi namaviri asati azvarwa.

72 Uye zvino Zakariya, baba vake, muprisita wezuva rake, waiva mushumiri mutembere yaShe. Uye iye nomudzimai wake, Erizabheti, vakanga vakwegura. Zvino Mweya Mutsvene wakauya kuna Zakariya ndokumuropafadza, ndokumuudza pamusoro pemwana, sezvatinoziva tose. Asi chinofanira kuva chinhu chaishamisa, nemanzwiro mumwoyo wevaviri ava vakwegura, pakazouya mwanakomana wakavimbiswa. Uye, kutaura kwake, wakatova mbeveve kusvikira nguva iyo yaakamupa zita rake, sezvakanga zvareva Shoko raMwari. Maona?

73 Shoko raMwari rakanyatsokwana. Uye nokuti kadonhwe kaduku kana katsanga kaduku hakatongowire pasi, hakagone kuwira pasi kusvikirira kazadzikiswa ti duku kana kaduku hakagoni kupfuura, hakagoni kupfuura kusvikira kazadziswa. Jesu ari kuuya, uye Ari kuvinga Chechi isina gwapa kana kakuunyana. Uye hapana Shoko rimwe kana chidimbu chimwe chaRo chingazokundika. Chechi ichange yava muchimiro ichocho Jesu paanouya. Vakatimirira.

74 Zvino, cherechedzai kuti Zakariya naErizabheti, sezvo vakanga vakwegura, vaiziva kuti havaizogona kurarama nguva iyoyo youhupenyu, yakareba zvakakwana kuti vaone mwanakomana wavo, zvaakanga akachengeterwa naMwari. Asi vaiziva kuti Mwari wakanga ainaye, nokuti Mweya Mutsvene wakanga wavimbisa vimbiso iyoyo, uye vaiziva kuti Mwari waizochengeta mwanakomana wavo. Zvino, tichitevera nhoroondo ipapo, vakafa iye ava nemakore mapfumbamwe.

Uye, Johane, vanhu ava vanoshamisa.

75 Zvino, zvinoratidzika sokunge Johane uyu, nokuti akazvarwa mumba yomuprisita, ari munhu wezvokunamata, uye achiziva kuti paiva nokudanwa muhupenyu hwake, aigona kunge akatonanga kuchikoro kuti ave muprisita sababa vake. Zvino, ndiwo mafungire aigona kutevedzwa nepfungwa dzake.

76 Kana mukomana akanzwa kudanwa muhupenyu hwake, chokutanga chaanofunga nezvacho kumhanyira kuseminari pane imwe nzvimbo, munoona, kumhanyira kuchikoro kana chimwe chinhu chakadaro, omirira kusvikira awana madhigirii ake, nezvakadaro, asati atanga kuparidza.

77 Uye, zvino, Johane wakaita zvinopesana naizvozvo, pachinhambo chokuinda kuchikoro kwakabva baba vake. Iye wakaziva kuti pane kudanwa muhupenyu hwake. Uye waiziva kuti waifanira kuzoziv . . . waifanira kuzozivisa, Mhesiya, kunyika, nokuti waifanira kuenda pamberi paKe. Uye pakanga pasina mhosho pazviri.

78 Saka, nokudaro, wakaziva kuti kana akaenda kuchikoro akavaudza, "Vazhinji venyu hamuzvinzwisisi pano, asi ndiri mwana waZakariya, muprisita, uyo wakadzidza pachikoro chino chedzidzo yezvokunamata. Uye ini . . . ini . . . Munoziva

amai vangu, mudzimai akarurama, uye munoziva kuti ini ndini ani. Saka ndauya zvino, 'bhishopi, achibhishopi,' nezvakadaro, kuzo—kuzodzidza kuti Mhesiya uyu anozoratidzika sei, nokuti ndinofanira kuziva kuti Anoratidzika sei. Ndinofanira kuva nechokwadi, nokuti Iye achange ari Munhu. Ndinofanira kuziva kuti Anoratidzika sei, kuitira kuti zvechokwadi ndigone kuMuzivisa kunyika."

79 Zvino, ihofisi inokosha iyo. Hama dzangu, munoziva, tinotova nehofisi imwe chete iyoyo izvozvi. Ndizvo. Iri kutozivisa zvechokwadi, Mhesiya, kuvanhu.

80 Saka wakazviziva kuti dai aienda kuchikoro, munhu wose waizenge ane pfungwa yake yakasiyana pamusoro pazvo, uye zvaizongokonzera nyonga—nyonga.

81 Asi Johane, pazera remakore mapfumbamwe, wakaenda murenje, kuti ave kwaari oga naMwari, kuitira kuti asaita mhosho. Waida kuziva kuti Mhesiya uyu waizenge akadini, waizoMuziva sei, Aizoratidzika sei, kuitira kuti agoMuzivisa kuvanhu. Uye tinoona kuti, pachinhambo chokuti aende kunotora madhigirii ake ese aya nokuzodzoka ava muprisita sezvaiva baba vake, nokutevera tsoka dzababa—baba vake, wakatotizira kuresa nechikoro sezvaaigona, akaenda murenje chaimo, ari ega naMwari.

82 Handina chandinopesana nezvikoro. Handipesani nazvo zvachose. Zvakanakisa. Asi dzimwe nguva, mushure mokunge wawana madhigirii muzvikoro, unotofanirazve kuenda murenje kune imwe nzvimbo, kuti undowana kuda kwaMwari. Ndizvozvo. Ichokwadi.

83 Zvino, Johane, aine hofisi huru yakadai, wakanyatsonanga murenje chaimo, uye akagaramo kubva pazera remakore mapfumbamwe kusvikira ava namakore makumi matatu okuzvarwa, ari murenje.

84 Munogona kucherechedza mataurire aaiita; waiva munhu werenje. "O, imi chizvarwa chenyoka." Maona? Wakanga ajairana nenyoka dzomurenje. Maona? Iye. . . Maona? "O, demo radzikwa pamudzi womuti." Maona? Waiva werenje. Maona? Aka—akaparidza zvaakararama, zvenzvimbo yaakanga akurira mairi. Uye wakapa mifananidzo yezvinhu zvaakanga adzidza kunze ikoko mu—murenje.

85 Zvino, seiko Johane wakanga aine chokwadi zvakadai? Macherechedza here, haana kuti, "Pamwe ndouyu"? Akati, "Tarirai, ndiye uyu!" Ko wakava nechokwadi chakadai sei?

86 Zvino ngativerenge imwe ndima. Ndima 26, ndakainyora pano. Ndinoda kuona chatinowana mundima 26 pano.

> *Uye Johane wakavapindura, akati, ndinokubhabhatidzai nemvura: asi pane mumwe amire pakati penyu, uyo wamusingazivi;*

87 Tarisai. Johane waiziva. Johane wakanyatsova nechokwadi sei pakati peboka iro, rakamira ipapo zvino, kuti uyu ndiye Mhesiya here? "Pane Mumwe akamira pakati penyu zvino, Uyo wamusingazivi, uye Ndiye achazokubhabhatidzai noMweya Mutsvene." Maona? WakaMuziva. Sei? Nokuti nguva yanga yasvika.

88 Hama, nguva yaswedera. Zvinobhadhara Mukristu, kusangojoina chechi, kana kuzorora pane chimwe, chidobi, kutekenyedzwa, kana chimwe chinhu chenzira yakadai, asi kunyatsova nechokwadi kuti wakarurama.

89 Zvino, tine zvizhinji zvatinazvo nhasi. Vamwe vanozviti ndezvedzidzo. Vamwe vanozviti ndezve zvokudzidza zvitendwa. Vamwe vanozviti ndizvo pavanenge vanzwa manzwiro asinganzwisisiki. Vamwe vanozviti ndizvo kana zvaita zvinhu zvakasiyana—siyana. Zvinova, zvandisina chandinopesana nazvo. Zvakanaka. Asi hazvisizvo zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Unogona kuva naizvozvo usina chamazvirokwazvo. Maona?

90 Uye ndizvo zvatiri kuedza kutaura. Tinofanira kuva nechokwadi, nokuti nguva yaswedera, yo—yokudururwa chaiko koMweya Mutsvene. Akavimbisa kuti Aizoudurura mumazuva okupedzisira.

91 Zvino, pane vanhu vazhinji vanoti, "Kana ukagwinha. Tsinzinya meso ako. Ukaita mhando yese yezvinhu, nokunzwa manyawi." Unobatwa nemweya yakasiyana—siyana, shamwari. Asi kana upenyu hwako husingawirirani nezvaunotaura, nokudaro pane chakakanganisika pamweya waunawo. Maona? Uye ichokwadi. Maona?

92 Iwe, unofanira kuva nechokwadi. Mweya Mutsvene unobereka hupenyu hutsvene, ndizvozvo, uye kana chishuwo chiri mumwoyo mako. Uye kana uchifanira kuzvimanikidza nguva nenguva, uchiedza kumanikidza kuti uite zvakarurama, uye nyika ichiri kunzwa nzara mauri, ipapo panotova nechakakanganisika. Maona? Mweya Mutsvene, mauri, hauiti nzara nezvenyika. Unoita nzara yaMwari. Kana zvakakuomera kuenda kuchechi, uye uchizvimanikidza kuti uuye kuchechi kana yavhurwa, pane chakakanganisika pamweya iwoyo. Uri kuedza kukudzinga kubva pana Mwari. Mweya waMwari unokumhanyisa wakananga kuchechi nguva yose panovhurwa musuo kuti muyanane. Hongu, changamire. Maona? Saka unofanira kuva nechokwadi pane zvizvi zvino. Nguva yaswedera.

93 Zvino, Johane wakaziva kuti nguva yaswedera, saka nokudaro wakati, "Pane Mumwe akamira pano, pakati penyu, pane imwe nzvimbo, Uyo wamusingazivi." Naiyewo wakanga asingamuzivi, panguva iyoyo, kana kuti ungadai akatoti,

"*Hepanoi* Uyu ari pano, kana kuti Uyo ari *apo*. Ndiye Uyo akamira *apo*."

94 Asi Johane, dai akanga aenda kuchikoro, angadai akanongedza vane makumi mashanu.

95 Asi, munoona, Johane akaenda kuchikoro chakasiyana. Johane akanga ari pamberi paMwari. Johane wakanga azarurirwa kwaari, naMwari, chaimo muShoko raMwari, maratidzikiro aizenge ari Mhesiya. Saka wakanga akamirira chiratidzo chaMhesiya. Waida kuona kuti Mhesiya wakanga ari papi. Mwari wakavimbisa, "Ndicharatidza Mhesiya uyu kwauri."

96 Ndinokuudzai izvozvi, kana muchida Gwaro razvo, chinobva chava chiratidzo cheMagwaro. Ndima 33, ngatitorei ndima 33 pano tiiverenge. Zvino tarisisai.

Zvino ini ndinomuziva*, handina kumuziva:* . . .

> *. . . handina kuMuziva: asi uyo wakandituma kuti ndibhabhatidze nemvura, ndiye mumwe chete wakati kwandiri, Pamusoro pouyo wauchaona Mweya uchiburuka paari, nokuramba uri paari, iyeye ndiye unobhabhatidza noMweya Mutsvene.*

97 Maona? Hepanoi panga pana Mwari, achida, achida kuva nechokwadi kuti hapana chinozovhiringidzwa pazviri. Mwari wakati, "Johane, ndichakupa chiratidzo. Uye zvino ukawona chiratidzo ichi pamusoro paKe, icho ndicho chicharatidza kuti ndiYe wacho."

98 Johane akati, "Akamirapo pane imwe nzvimbo kunze uko, asi ini—ini handisati ndaMuziva kwete."

99 Asi paakangoona bedzi Mwe—Mweya uchiburuka nokuzorora pamusoro paKe, hapana mumwe munhu akaUona asi Johane bedzi. Imbofungai pamusoro paizvozvo. Mweya Mutsvene wakaburuka, muchimiro cheNjiva, ukazorora pamusoro paJesu, uye hapana akauona kusiya kwaJohane bedzi, nokuti vimbiso yakanga yaitwa kuna Johane.

100 Zvino, kana paine munhu asingatendi pano mukubhabhatidzwa kweMweya Mutsvene, unogona kuti, "Handingozvitendi izvi," hauna chaunozomboziva pamusoro pazvo. Unoti, "Handitendi muKupodza kwaMwari. Handizvioni pazvakarurama." Zvirokwazvo haugoni. Kwete, changamire. Asi, uyo anotenda, ndoWevanotenda. Uyo ane nzara mumwoyo make kuti aone Mwari, ndiye anozviona. Hapana munhu . . .

101 Varume ava vakanga vaina Pauro, havana kuona Chiedza chakarembera pamusoro paPauro. Havana kuona chiedza chiya. Asi chakanga—chakanga chiri chamazvirokwazvo chose kuna Pauro, kusvikira, Chakapofomadza maziso ake. Chainyatsopenya, zvokuti Chakapofomadza maziso omunhu, akamira, akaChitarisa, uye vamwe vakamira ipapo vachitadza

kuChiona. Saka, munoona, Chinotumirwa kune avo vanotenda uye vakagadzirira kuChigamuchira.

102 Vachenjeri, Vanzveri venyeredzi vokumabvazuva, vakatevera Nyeredzi kwemakore maviri, vachidzika nokuyambuka Rwizi Tigress, uye nomumapani. Uye vakabva nzira yose kuArabia, vachiyambukira muIndia, vakadzika kusvika Jerusarema, vachitevera Nyeredzi iyoyo. Uye Yakapfuura napamusoro pembonderamudenga dzose, uye hapana kana mumwe wavo ane chinhu chaakambonyora pamusoro paYo; havana kuIona. Asi ava *vaka*Iona.

103 Saka ndinotenda, manheru ano, kuti Mweya Mutsvene uri pano. Uri pano kuitira avo vakatemerwa kuUgamuchira, avo vanoutenda, vakaumirira. Uripo pano kutwasanudza matambudziko ose apamweya. Uripo pano kupodza munhu wese anorwara ari pano. Uripo pano. Asi unofanira kuuya wopinda mu—muhupo hwaWo, uye mumaonero okuti uugamuchire. Unofanira kuuya, kwete uri mumanyawi. Unofanira kuuya pamusoro penheyo yokutenda vimbiso yakapiwa naMwari. Ndizvo zvinozviita. Izvozvo ndizvo zvinozviita.

104 Akanga akamirira kuti aone chiratidzo ichocho, uyezve wakanga . . . kuti aMuzivise. Uye akatozviita.

105 Zvino, zuva repiri, Johane wakaMuona zvakare, ndokubva ati, "Tarirai Gwayana raMwari." Wainyatsoziva kuti ndizvo. Wainyatsoziva kuti Ndiye.

Vakamuti, "Unoziva sei?"

106 Iye akati, "Wakandituma murenje kuti ndinobhabhatidza nemvura, wakanditi, 'Waunoona Mweya uchiburuka paari, uye uchigarapo, Iyeye Ndiye achabhabhatidza noMweya Mutsvene noMoto.'"

107 Pakanga paine vaviri vevadzidzi vake vakanga vakamira ipapo, vakabva vatotevera Jesu. Uye isu . . . Waiva Firipi, Andrea. Asi pavakasvika ku . . . Vakati, "Rabhi, Munogarepi? Tinoda kuziva kwaMunogara. Zvino, tanga tichiteerera muporofita ari zasi kurwizi uko. Uye anga achitiudza zvino, kwemwedzi mitanhatu, kuti kuna Mhesiya ari kuuya, uye kuti iye waizoMuziva. Zvino, tinoziva muporofita iyeye kuti murume wakarurama. Tinomutenda kuti muporofita. Mu—muporofita wakasimbiswa. Tinoziva kuti ndizvo zvaari. Uye anoti Imi ndimi Mhesiya. Zvino, tinoda kuziva kuti Munogarepi."

Iye Akati, "Huyai, muzoona."

108 Uye vakaendamo vakagara naYe usiku hwose, nokuti zuva rakanga rapera masikati iwawo. Macherechedza here, vakagara naYe husiku ihwohwo. Zvino mangwanani akatevera, Andrea wakanga anyatsogutsikana kusvikira wakatoda kundodana mukoma wake. Maona?

109 Zvino, ndiyo nzira bedzi yandinoona kuti kuva nehanyn'a kuuye muchechi, uye nokuuya pakati pevanhu, ndeyokukwanisa kumirira nguva refu zvakakwana kusvikira wagutsikana kuti hurongwa uhwu ndihwo hwakakwana, uye kuti ndiMwari; uye kwete zvangouya nokuda kwepfungwa, kana manyawi, kana—kana zvedzidzo yepfungwa, kana zvimwe zvemanyuku—nyuku enyama. Kubhabhatidzwa chaiko noMweya Mutsvene kwakavimbiswa kuti kuchadururwa naMwari muzuva rokupedzisira.

110 Ndicho chikonzero maseminari ava kuwira pasi. Vari kuona kuti zvose zvavari kuwana, nenzira iyi kana imwe, hazvishandi. . . Panogara pachingovimbiswa chimwe chinhu chausingambosviki pachiri. Chimwe chinhu chavanovimbisa, nokungovimbisa, nokuvimbisa, nokuvimbisa. Haumbosviki pachiri.

111 "Asi vimbiso iyi ndeyenyu, neyavana venyu, navose vari kure, ivo vose Ishe Mwari wedu vaachadana," Petro wakataura kudaro paZuva rePentekosta. Zvino, hazvisi zveboka rakavapo kumashure uko, mune rimwe zera. Ndinhasi. Kusvikira kupi? "Vose avo Ishe Mwari wedu vaachadana." Zviratidzo zvaifanira kutevera mutendi, kuitira kuti azive kuti iye ndiani; zvichipa kusimbiswa kwavo, kuti ivo ndivanaani.

112 Zvino, Andrea wakava, nehann'ya zvikuru—kuru, nokuti wakagara naYe husiku hwose akagutsikana. Uye paakagutsikana kuti Uyu wakanga ari Kristu, nokudaro wakabva ava nehanyn'a pamusoro pomumwe munhu.

113 Uye ndinotenda kuti munhurume wose, munhukadzi wose, mukomana wose kana musikana, anogarira nguva refu zvakakwana, kusvika agutsikana kuti Izvi ndizvo zvakarurama, uye kuti Uyu ndiwo Mweya Mutsvene, wakaremerwa zvakanyanya mumwoyo mako, zvokuti haugoni kumira uchirega vanhu vachifa sezvizvi nokunyadziswa nomuchivi. Unokuya mwoyo wako zvokuti unobuda mauri, uchienda kunze uko mumigwagwa. Unodaro, Mukristu upi zvake, kana aona vanhu vakazvipira zvizere kuchivi: vachinwa, vachitamba makasa, vachituka, vachipika, vachiputa. Motokari yoga yoga yaunoteverana nayo, munenge mune mudzimai akabata mudzanga wefodya muminwe yake, akagerwa bhibho, izvo zva—zvavari kuita nhasi, uye nezvisina maturo zvose izvi zvinongoitwa pese pese. Uye zviuru nezviuru zvaivava vanozviti Makristu.

114 Hauoni here, shamwari, ndichiri pana izvozvi, kuti sezvakaita mudzimai womutungamiriri wenyika, maiziva here kuti Jezebhere waiva mudzimai wemutungamiriri wenyika iyoyowo? Maona? Zvirokwazvo. Asi Eriya wakamutsiura. Wakamuvenga, asi akamutaurira nzvimbo yake mudzimai uyu. Kureva nemazvo, ndiye aiva mufundisi wake mudzimai uyu.

Mudzimai uyu wakanga asingadi kuzvigamuchira, asi murume uyu ndizvo zvaaiva. Ndizvozvo. Akamuudza.

115 Zvino, tinoona chivi chose ichi, uye nezvinhu mamirire azvakaita, uye zvinopinda mumwoyo wemunhu wega wega. Kuona vana vaduku. . . Mudzimai wangu wanga achindiudza mangwanani ano. Takaenda kune imwe chechi kumusoro uko pane imwe nzvimbo. Hama Williams vakaenda nesu ikoko, nezuro. Uye mudzimai akati, "Bill, kwainakidza zvikuru."

116 Mushure mokuuya mumigwagwa tichiona vasikana vaduku, vasati vapfuura makore gumi nemaviri okuberekwa, vachifamba vakabata midzanga yefodya mumavoko avo, uye vakomana vachibva kuchikoro, vakavakochekera namavoko, panzvimbo isiri iyo. Vana, nemhaka yei, mapurisa anofanira kusunga zvakadaro. Zvakanaka, ndiko kuora uku. Chii? Kamwana kaduku aka kanonzwisa tsitsi, chii chichazoitika kukasikana aka? Kunze uko munzvimbo dzakazvidzika—zvidzika, nezvose, vachinwa, nokutamba makasa, nokungoenderera mberi nevakomana ava, uye vasina kutombopfuura makore gumi nemaviri, makore gumi nemana okuberekwa, uyewo naamai vavo vachiita zvakaipa saizvozvo. Ndizvozvo. Uye vose vari nhengo dzechechi.

117 Mudzimai akati, pachechi iyi kunze uko nezuro, "Zvaitapira kuona boka revana vaduku, vemakore anenge masere kana mapfumbamwe okuzvarwa, vose vachipinda nokuenda paaritari kundonamata, uye vachizotora zvikorobho vachindozvipukutisa zvigaro kuitira kuti vanhu vagouya vachipindamo manheru iwawo."

118 Zita raShe ngarirumbidzwe! Pachine davi rakasara, pane imwe nzvimbo. Pane vakasara vachadanwa naMwari pamwe chete. Ndizvozvo.

119 Kugutsikana ndokuzova nehanyn'a. Zvino, Andrea wakava nehanyn'a nomukoma wake, paakangogutsikana zvachose kuti uyu ndiye waiva Mhesiya. Wakazviita sei? Wakagara naYe husiku hwose.

120 Dambudziko riripo heri, hatigoni kugara naYe maminitsi mashanu. "O, ndinofanira kuenda kumba. Pane hurongwa hwepaterevhizheni huri kutoratidzwa izvozvi. Tinotofanira kuona zviri kuratidzwapo. Handigoni kuramba ndichiri pano. Ndizvozvo bedzi. Ndagara nguva refu ndisati ndazvipotsa. Mitambo yakatevedzana yavari kuratidza, munoziva. Uye ini—ini handigoni. . . " Yaa. Ndizvozvo. E—he. "Ndinokuudzai. Ndi—ndinotofanira kuita *izvi*, kana kuti *izvo*. Handigoni kuita *izvi* nokuita *izvo*." Handina nguva.

121 O, hama, "Tsvagai Humambo hwaMwari kutanga nokururama kwaKe." Maona?

122 Asi chiripo, zvino, kutanga kushaiwa hanyn'a, uye mushure mechinguva munorasikirwa nezvese. Marasikirwa nezvese.

Mashaya hanyn'a pamusoro pechipi kana chipi zvacho kusiya bedzi kokuva nehanyn'a yekuzvifunga imi pachenyu. Ndizvo chaizvo.

123 Tine ha—. . . tine hanyn'a nhasi nokuzadza machechi edu. Tinoda kuona kana . . . ma . . . kana isu maPentekosta tisingagoni kuunganidza vakawanda kupfuura maBaptist. MaBaptist anoda kuunganidza vakawanda kupfuura maMethodist. Uye vari kudanidzira nomufaro kuti vari kuunganidza vakawanda nakuwanda nguva dzose.

124 Asi chii chavaunganidza? Hapana chavanacho apa kusiya bedzi kwemarara anobva mumigwagwa muno, apo pasingafaniri kuwana chinounganidzirwa muchechi kusiya bedzi kwevatsvene nevakacheneswa vakatsaurirwa parutivi rwavo vega. Ndicho chikonzero mutadzi aine nguva yakaoma. Nemhaka yei, vanhu, kunyange maPentekosta edu, vachingozviti Makristu, vachingotenderera vachingokanyira munyika, vachimhanyira kumabhaisikopu namapati nemadhanzi, madzimai vachigera vhudzi ravo nokupfeka masiketi akaipa zvokusakodzera kupfekwa.

Iwe woti, "Havazviiti."

125 Huya pakudya kwamangwanani kweVarume veMabhizimusi uone kuti havazviiti here, kana kuti kwete. Pinda muchechi yePentekosta ipi zvayo, potse potse dzose, Svondo mangwanani, ugoona kuti havadaro—havadaro here. Madzimai anozvimanikidza mumadhirezi maduku ne—nezvimwe, uye vachizvibata zvinonyangadza, nezvimwe zvose zvakadaro. Zvinonyadzisa. Munozviziva ndizvo.

Nemhaka yei, munoti, "Zvakanaka, hamufaniri kutaura izvozvo." Ini . . .

126 O Mwari ivai netsitsi. Mwari tipei mumwe munhu ane kushinga kwakakwana kwekuti azvitaure. IBhaibheri rinodaro. Yaa. Ndicho chinhu chinofanira kutaurwa. Zvirokwazvo.

127 Zvakanaka, murume, mu—mu—murume anorega mudzimai wake achiita izvozvo, ndi—ndine kuremekedza kushoma—shoma kumurume iyeye. Ko anogova Mukristu sei, zvaanofanira kutonga imba yake, achiichengetedza iri muhurongwa hwakanaka? Nemhaka yei, zvinonyadzisa. Tinofanira kudzokera kuhutsvene, kudzokera kune zvakarurama, kudzokera kuna Mwari. Ndizvo zvazviri.

128 Asi kana mukaona, nyika ichiona chechi, isu vanhu vePentekosta tichitaura chimwe chinhu, nyika inoti havana zvavanazvo. Maona? Imi moti, "Havanazvo. Havana chavakasiyana nevamwe vavo vose." Zvakanaka, ndizvozvo chaizvo. Vari kureva zvakarurama, nomazvo.

129 Munoziva, tiri kungoedza nguva yose kuita zviri kuitwawo munyika. Tiri kuedza kuvakurira pane zvinoonekera.

Sezvandakataura mamwe manheru, muri—muri—muri kuedza kusangana navo kunharaunda yavo. Regai ivo vauye kunharaunda yedu. Maona? Hatidi kuedza kutora zvavainazvo. Tine chimwe chinhu chavasingagoni kuva nacho kusiya bedzi kokunge vaita mumwe wedu, izvo isu, ndizvozvo, kuva mudziyo waShe, kuva naKristu.

Kristu wakati, "Kana ndikasimudzwa, ndichadhonzera vanhu vose kwaNdiri."

130 Asi, onai, chechi ikasaita izvozvo, vakasimudzira . . . Munofanira kuMusimudza, sezvinoreva rwiyo, nokurarama sezvinofanira kuitwa naMakristu. Maona? Asi pachinhambo chaizvozvo, ndisu tinobva tatanga, zvinhu chaizvo zvatinoita nezvakadaro, zvinotaridza kuti hatinazvo. Maona? Saka imi, vari kungofungidzira izvozvo, sezvandakataura mamwe manheru apfuura. Musadaro. Dzokai. Musatora chinomiririra, nokuti munozofa.

131 Uye rangarirai, paunofa uye mweya uyo paunokusiya, haushanduki. Kwete, changamire. Rufu harushanduri mweya wako. Iwo ndiwo unoshanduka paunogara, asi uchiri mweya mumwe chete. Saka kana usina kuzvarwa patsva, ukava chikamu cheMweya weKusingaperi waMwari, unenge uine mavambo. Chese chine mavambo chine magumo. Ndicho chikonzero Mwari vari ivo chinhu bedzi cheKusingaperi.

132 Kunze kokunge wakazvarwa patsva uye uine Hupenyu Husingaperi (shoko rechiGiriki rokuti *Zoe* apa rinoreva "Hupenyu hwaMwari Pachake" huri mauri), uchaparara. Asi panenge Hupenyu hwaMwari huri mauri, hauchagoni kuparara saMwari asingagoni kuparara, ndizvozvo, nokuti uri mwanakomana, chiberekwa chaMwari, uye une Hupenyu Husingaperi. O, ndicho chinhu chinodikanwa nechechi. Zvino kana Mwari ava mauri, Iye ndiye anorarama Hupenyu hwaKe Pachake nomauri. Maona? Uye ndiyo nzira ya—yatinoziva nayo kuti tiri Makristu. Zvadaro unobva wava nehanyn'a nokuda kwehama yako, kana Mweya uri muna Kristu.

133 Izvozvo, Iye wakava nehanya, zvokuti Iye wakaburuka kubva kuDenga, akasiya Denga, akaburuka pano panyika, uye akazvarwa muchidyiro chezvipfuwo chine ndove neboka remombe dzinokuma, pasinazve nhumbi dzokuMupfekedza. Iye—Iye wakazvibatanidza. Wakanga asina nzvimbo yokuisa musoro waKe; pasina guva rokuti avigirwemo; akarohwa nokurwadziswa, nenzira yaAiva. Wakava nehanya yakakura, uye Mwari wakanyatsoda nyika, kusvikira Wakaipa Mwanakomana waKe mumwe chete bedzi.

134 Zvino zvinhu zvose izvo apa, zvokuti Mweya uyo waiva maAri wava mauri, asi zvakadaro tigoshaya sei hanyn'a pamusoro pomumwe nomumwe uye pamusoro pechechi?

135 Vanhu vanondiudza, nguva dzose. Mumwe murume wakati, nguva shoma yapfuura, akati, "Hama Branham, regai kuramba muchitsiura chechi. Regai kutaura zvinhu izvozvo. Hamusimi munofanira kuti muzvitaure."

Ini ndikati, "Ndiani zvino achazvitaura?" Maona? Ndizvozvo.

136 Izvozvo, zvirokwazvo, i—ibasa redu. Ibasa redu, kuvanhu kunyatsovataurira Chokwadi, nokuti muchazosangana nacho zvakare. Pano tinongogara nguva shoma; uko ndekoKusingaperi. Ngatigarei nacho, titaure chokwadi uye tive vakatendeka pamusoro pacho. Hongu, kuva nehanya.

137 Chokutanga, usati wava nehanya, unofanira kugutsikana kuti uri mune chakarurama. Zvino ipapo kana wagutsikana kuti Mwari wakarurama, uye Mwari ari mauri, uye kuti Mwari akakuitira zvinhu zvikuru zvakadai, ipapo unenge wava nechokwadi. Ukaona hama yako iri mukudarika, unomuudza pamusoro pazvo. Kana zvisipo izvi, pane chakakanganisika. Ndicho chokwadi, zvino.

138 Uye kana ukaona kuti chechi iri kukanganisa. Iwe, hazvina mhaka kuti chii, unoda chechi. Uye—uye uri . . . Kristu wakada Chechi Iye akaIpira hupenyu hwaKe. Uye isu tinofanira kuita zvimwe chete. Hatingofaniri kudaro, asi tichatodaro kana tine rudo rwaKristu matiri. Rwunotimanikidza uye zvakafanira kwatiri kuti tidaro, saMakristu. Hongu.

139 Andrea paakangogutsikana kuti uyu waiva Mhesiya, wakaita sei? Pasina kupokana husiku ihwohwo, akagaramo musevhisi, iye ne—neshamwari yake. Kristu wakagara muimba imomowo, pasina kupokana Jesu wakadzokera muMagwaro ndokutanga kumutaurira.

140 Zvino, Andrea waiva mudzidzi, nokuti baba vake ndizvo zvavaiva. Iye, iye naPetro, vaiva izvozvo. Baba vake vaiva muFarisei, uye waiva murume wakanaka, wakadzidziswa. Saka waiziva kuti Mesiya unenge wakaita sei.

141 Uye paakaona Mhesiya achiita zvinhu izvo zvakanzi Mhesiya anofanira kuita, akaona mararamire aAiita nezvose, wakagutsikana kuti uyu ndiye waiva Mhesiya.

142 Zvino, kana ukaona Mwari akubata, akashandura hupenyu hwako, achikuita kubva pane zvauri—zvauri . . . zvausiri, mukuve zvaunofanira kuva, ipapo unobva watogadzirira kuudza mumwe munhu pamusoro pazvo. Wagutsikana.

143 Asi dambudziko riripo nderiri, tinouya, toita nzira pfupi, togurisira saizvozvo. Tinongoti, "O, hatingagoni kugarapo nguva refu. Kwete, musatiparidzira mazuva gumi, kana kuti husiku hwose." Kwete, tinofanira kusimuka, pamwe tongokwazisana nomuparidzi, kana kungoisa zita mubhuku, kana kungonzwa manyawi mashoma achitinyerekedza. "Tatova

nawo." Tobuda, husiku, humwe husiku tiri mubhawa, husiku hunotevera toparidza Evhangeri. Maona? Maona? O, ini zvangu! Ndipo, ndipo pane dambudziko. Ndicho chikonzero tichivhiringidzika pamusoro pazvo, munoona, pazvinhu izvozvo. Munhu ngaazviratidze zvaari.

144 Ndinorangarira mharidzo yangu yokutanga yandakaedza kuparidza. Ndinoremekedza muparidzi wekare weMissionary Baptist. Ndakakwira ipapo. Uye ndakanga ndaona maparidziro aaiita. Ndakanga ndichiri mukomana, ndakanga ndafamba Nzira iyi mwedzi inenge mitanhatu kana gore. Saka wakandifonera, akati, "Zvino, ndinoda kuti uparidze mangwana manheru, kana kuti Chitatu manheru."

145 Ndakakwira papurupiti. Ndakafunga kuti ndangozviita sezvinoita muparidzi. Ndakafunga kuti ndaita zvakanaka. Vanaamai vechikuru, mushure, vakandibhabhadzira kumusana vakati, "Hama Billy, zvanga zvakaisvonaka!" Vanaamai vechikuru, munoziva, vaivapo, vachichema, vakati, "Uye Mwari achakuitai muparidzi."

Ndikafunga, "O, ndinotarisira kuti Achadaro." Ndakafunga kuti ndaita chinhu chikuru.

146 Ndakaenda kuna Chiremba Davis, vakanga vakagara apo, muromo wavo wakarembera. Ini ndikati, "Ndaita zvakadini, chiremba?"

Vakati, "Zvakaipisisa kupfuura zvandati ndambonzwa." Maona?

147 Ndakafunga, "O, ini zvangu!" Ndakafunga kuti ndatevedzera manyawi ose nezvose zvandanga ndichifanira kuita, uchikanda—kanda mavoko kwese kwese nezvimwe zvose, munoziva, sezvinoita muparidzi. Ndakafunga kuti ndakanga ndaita chimwe nechimwe chazvo. Ndakanga ndamuongorora ndikabva ndaita izvozvo chaizvo zvaaiita.

Akanditi, "Zvakaipisisa kupfuura zvandati ndambonzwa."

Ndikati, "Hama Davis?"

148 Akati, "Handisati ndambonzwa zvakadai muhupenyu hwangu." Iye akati, "Mujaya, ndinoda kuti usangane neni muimba yangu yokuverengera, mangwana masikati, nenguva dzepiri."

149 Ndakafunga, "O, ini zvangu!" Saka nenguva dzepiri ndakadzika ikoko, ndakapfava—pfava, munoziva. Ndikati, "Manherui, Chiremba Davis."

Vakati, "Wakadini, Billy? Gara pasi."

Ini ndikati, "Hongu, changamire."

Ivo vakati, "Ndinofungidzira kuti hausi kufara."

150 Ini ndikati, "Ndakangoti vhiringidzikei. Ndizvozvo chete." Ndikati, "Zvakanaka, chii, chii chandakaita ndikakanganisa?"

151 Ivo vakati, "Ndinoda kukutaurira rumwe rungano ruduku." Vakati, "Unoziva, ndakadzidza, ndaiva gweta ndisati ndava muparidzi."

Ini ndikati, "Hongu, changamire. Izvozvo ndinozviziva."

152 Ivo vakati, "Billy, pane imwe nguva ndakadzidza murairo, uye ndakazviita nenzira yawakadzidza nayo Bhaibheri, kana kuti nenzira yawakadzidza nayo zvokushumira."

153 Vakati, "Ndakafunga kuti ndava gweta pandakagadzwa pabhenji rokumiririra." Vakati, "Ndakasimuka ipapo ndichimiririra nokudemba panyaya yokurambana pane imwe nguva, nyaya yangu yokutanga." Uye vakati, "Ndaiona magweta aya achirova patafura saizvozvo, nokudanidzira 'Muremekedzwa, changamire, Mutongi!' Vachichema nokupukuta kumeso kwavo, vachibvisa misodzi. 'Mudzimai muduku uyu, *ndinhingi—nhingi*,' uye saizvozvo." Vakati, "Mushure mechinguva, gweta rechikuru, ndiro raipikisana neni, riri kune rimwe divi," vakati, "akangogara akanditarisa kwenguva refu." Vakati, "Ndakachema. Ndakarova bhenji, nokuita zvose sezvaingoitwa nemagweta." Uye vakati, "Ini zvangu! Mutana waindipikisa wakanga akagara uko, anova gweta werimwe divi, gweta romurume rakagara apo. Akanyatsonanga akati, 'Mutongi, imi Munoremekedzwa, kusvika riniko dare rino richiramba richiteerera marara aya?'"

154 Vakati, "Ndakakundwa panyaya iyi." Uye vakati, "Ndakanyatsokundwa pachena." Vakati, "Ndakadzidza chimwe chinhu ipapo, unoona. Iye . . . Uye ndakabvunza mutongi. Iye akati, kwete . . . Vakati, "Gweta iri, zvakare, raiva shamwari yangu. Asi," vakati, "wakauya ikoko, ndokuti, 'Roy, ndakazviitira chikonzero izvozvo.' Akati, 'Unoona, wanga uchingoita zvemanyawi. Wanga uchichema, uchidzungudza musoro wako, nokuurova.'

"Vakati, 'Ndaita sezvinongoitwa nemamwe magweta.'

155 "Iye akati, 'Asi iwe wanga usingaisi kana chidimbu chiduku—duku chomurairo mazviri. Haasi manyawi ako anokupa kukunda munyaya; ndezvinorehwa nomurairo. Unofanira kuziva zvinorehwa nomurairo pamusoro pazvo.'"

156 "Uye ndizvo zvazviriwo nhasi, pamusoro pako." Vakati, "Billy, wadzungudza musoro wako, uye wachema nokusvetuka—svetuka, asi hauna kumboparidza shoko rimwe zvaro kubva muBhaibheri. Wangoita mhando dzose dzamanyawi."

157 IShoko raMwari rine basa. IShoko raMwari rinozvitaura. Ndizvozvo chaizvo. Rinofanira kuva Shoko, Shoko chairo—iro.

158 Zvino pavakaona Shoko raitwa nyama ipapo muna Jesu Kristu, Andrea wakanyatsogutsikana, uye ndipo paakazova nehanyn'a nomukoma wake. Wakaendako nokukurumidza.

159 Macherechedza here? Haana kuti, "Huya kuno, Simoni. Ndi—ndi—ndinoda kuti uuye kuno uzogara neni musevhisi. Pamwe tingangonzvera mweya iripo, uye tigoona kuti Murume uyu angava here Mhesiya chaiye kana kuti kwete." Haana kumbotaura izvozvo.

160 Wakati, "TaMuwana." Pakanga pasina kundandama pamusoro pazvo. "Tamuwana Mhesiya. Huya, uzoMuona." Wakanga anyatsogutsikana.

161 Saizvozvowo, Mosesi, paakafunga kuti akunde, zasi uko kuEgipita, wakauraya muEgipita mumwe, wakabva ashaya hanyn'a. Haana . . . Haana kuva nehanyn'a nazvo. Dai Mwari anga achizova naye, sei Akanga asinaye?

162 Saka wakabuda kunze ndokundoroora mudzimai akanaka. Uye ndokuzvara mwana naye, Geshomu, uye—uye vakanga vatozorora havo. Uye wakanga achizowana nhaka huru yeboka ramakwai kubva kuna Jeturo, mu—muprisita weMidhiani. Uye iye, zvose, zvakanga zvava mugwara riri nyore. Wakanga achizogara nomudzimai wake, vaine musha wavo muduku, uye, sezvamunoziva. Izvozvo, wakanga achiita zvakanaka; ane basa rakanaka, achizova mudyi wenhaka. Zvose zvakanga zvakanaka.

163 Wakanga asina hanyn'a. Wakanga asingarohwi nevashandisi vebasa zvakare. Wakanga—wakanga asina hanyn'a nehama dzake zasi uko: navananyamukuta vainzwisa tsitsi; uye—uye nemadzimai achizvara vana, vachiputiswa misoro yavo nokukandirwa kumakarwe; uye—uye, ivo, mashandisire akaomarara avaivaitisa zasi uko; uye—uye vari muhutapwa nomuhusungwa. Wakanga asina basa nazvo.

164 Wakanga aine musha wakapedza kubhadharwa, sezvatinongoita nhasi. Ndicho chinhu chokutanga chatinofunga pamusoro pacho: kutenga musha. Zvakanaka izvozvo. Munofanira kudaro. Ndizvozvo. Asi pane chimwe chinhu chinofanira kuvapo ichocho chisati chavapo.

165 NdiMwari, kutanga, kuenderera mberi kwechechi. Ibasa romunhu woga woga muchechi ino pano, kuona kuti zvinhu zvinoenderera mberi zvakanaka. Uye unoisa simba rako pazviri, kuti uunze murume wose nomudzimai wose, mukomana kana musikana, waunogona, mumigwagwa nomumaheji, nomunzira, kuti uvaunze kuchechi.

166 Mosesi wakanga atozorora. "Akavasiya. Ndinofungidzira, kana zvirizvo zvavanoda kuti vaite, zvakangonaka." Maona? Wakanga asati ambosangana nechiitiko chake pachake.

167 Saka, rimwe zuva, kuseri kwerenje, kwakanga kune mufudzi wemombe waiva nendebvu wechikuru wakayambuka gomo zasi ikoko, aine tsvimbo muruvoko rwake. Wakasvika, ndokusangana chiso nechiso naMwari; Jehovha Mwari akagara imomo mugwenzi, raipfuta. Mwari wakamukwezva zvakakwana

zvokusvika ipapo kusvika abvisa shangu dzake paari. Ipapo akanzwa Inzwi raMwari. Wakabva agutsikana, kuti, "NDIRI WANDIRI. Handimbokundiki. Ndini waiva naAbrahama, Isaka, naJakobho. Ndichiri Mwari mumwe chete." [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

168 Zvino pavakazoona kuti Mwari haasi murwi wezvitendwa, Mwari haasi murwi wedzidziso; Mwari ndowamazvirokwazvo, mupenyu, Mwari mupenyu, mwoyo wake wakabva wabvira nomoto. Hapachina chichagona kumumisa zvino. Uye wakaona kuti ndiko kwaiva kuda kwaMwari kuti adzikinure Israeri, uye ndipo paakadanirwa basa iroro.

169 O Mwari, tipei vaparidzi vakaita saizvozvo. Ndizvo zvatino . . . Ndizvo zvatinoda, hama. Handizvo here, hama? [Hama dzinoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndizvozvo. Pachinhambo chokumhanya tichienda kumwe kwese.

170 Zvose zvakasanganikwa nazvo naMosesi kuseminari zvakabva zvaenda zvino. Maona? Wa—waiva munhu akachenjera. Wakanga adzidziswa huchenjeri hwose hwaVaEgipita; aitogona kuvadzidzisa. Asi hazvina chakanaka chazvakaita. Waitofanira kuva nokusangana kwake iye naMwari. Wakasangana naYe ipapo, chiso nechiso, ndokutaura naYe. Uye paakangotaura naYe, ndokuona kuti pfungwa yaKe yaiva yakadini, uye hurongwa hwaKe hwaiva hwakadini, ipapo akabva ava nehanyn'a pamusoro pehama dzake dzaiva muhusungwa.

171 Uye murume kana mudzimai upi noupi anosangana naMwari, chiso nechiso, zvino obva afamba ozvitora sechinhu chakareruka, kuona vanhu mumigwagwa, vachifamba muchivi, zvinokuuraya.

172 Ndakati kumudzimai wangu, imwe nguva yapfuura, nedzimwe hama dzangu. Ndakati, "Ndava kupenga here? Ndava munhu anopenga here? Seiko ndichiramba ndichingotsiura vanhu? Seiko ndichingotaura izvi? Uye ndinotsanya," ndikati, "kutsanya nokunamata, kuti ndibve pazviri." Pandinonyanya kutsanya, chivi chinotowedzera pakushata. Maona? Zvinongochiita kuti chiwedzere kuipa, kusvikira, pachokwadi, haungatozombokwanisi kubuda kunze.

173 Mudzimai wangu waida kuti ndiende naye kune chimwe chitoro, rimwe zuva. Ndakapinda nepamusuo, ndokubva mapinda imomo mumwe mudzimai. Uye ndinoziva kuchechi kunoenda mudzimai uyu. Uye, mudzimai uyu, zvainyangadza. Ndakadanidzira, "Dzokerai henyu va Chipinyangora. Ndichaita munhu kwaye." Ndakaona ipapo, vhudzi hombe rakaita *sezvizvi*, nependi yeblue negreen yakapoteredza nenzira *iyi*, uye ichidzika *nokuku*. Akapindamo saizvozvi, achiratidzika sokunge soseji, ari munhumbi idzodzo. Ndinokuudzai, o, zvainyangadza. Ndizvozvo.

174 Ndakaenda kunodya kudya kwamangwanani neVarume veMabhizimusi mazuva mashoma apfuura, uko muLos Angeles, uye ndakanga ndakamira ipapo ndakamirira Hama Arganbright kuti vapinde. Pakauya mudzimai akapindamo. Handisati ndakamboona zvakadaro. Ndikafunga, "O, ini zvangu, tarisai chinhu chinonzwisa tsitsi icho! Iye, pane chimwe chinhu chakakanganisika paari." Saka ndakatanga, ndakatanga—ndakatanga kufamba ndichibvapo.

175 Ndakati, "Kwete. Ndiri mushumiri. Ndinofanira kutaura naye. Nda—ndakaona nda—ndakaona cancer. Ndakaona maperembudzi. Handisati ndakamboona chinhu chakafanana naichocho. Aiva negreen pasi pemaziso." Ndakabva ndatanga. Ndakaendako. Zvino, vanhu havaratidziki saizvozvo, kunze kokunge vafa kana kuti zvakadaro, kana kuti vadyika—dyika. Saka, ndakaendapo.

176 Uye ndakafunga, munoziva, ndikati ndava kuzotaura naye ndichimuti, "Hanzvadzi, ruregerero. Ini ndiri—ndiri mushumiri, uye shumiro yangu kunamatira vanorwara. Handizivi hangu, kuti munoda here kuti ndikunamatirei?"

177 Uye ndichiri kufunga saizvozvo, pakabva pauya mumwe zvakare, uye mumwe zvakare. Ndiko kekutanga pandakazviona, ruvara rusinganzwisisiki rwakazorwa nenzira *iyi*, munoziva, uye—uye—uye blue kumusoro *uku*, uye green zasi *uku*. Uye zvairatidzika zvinosekesa zvakanyanya. Uye, kutaurawo chokwadi chaicho, zimusoro rakapoteredza rakakura *kudai*. Ini—ini handisati ndakamboona zvakadaro. Ndakanzwa kuzvinyarira pachangu.

178 Nemhaka yei, zvinonyadzisa! Zvirokwazvo ndizvo zvazviri. Uye nenhumbi duku dzavakapfeka, sezvizvi, sokunge, munoziva, midhebhe, ndizvo zvavanoidaidza. Apo, Bhaibheri rakati, "Mudzimai anopfeka hanzu dzakafanana nedzechirume, zvinonyangadza pamberi paMwari." O, zvose izvi zvinofanira kuva zvinonhuhwa pamberi paMwari. Zvino mwoyo wako ungatarisa izvozvo sei, ukasava nehanyn'a? Apo, kana ukaona rudzi rwako, vanhu vako, vanhu vachizunguzwa mukurwadziwa, vachiinda kugehena, iwe worega kuwana chaunoita pamusoro pazvo. Regai ndidanidzire pose pandinenge ndine inzwi rokudanidzira. Handina basa nokuti ndiani anoti chinyi. Pane chakarurama nechakashata. Ndinoda kumira kurudyi pandinomira pamberi paMwari. Ndinoda kumira. Hongu. Zvirokwazvo.

179 Mosesi wakava nehanyn'a paakaona kuti Mwari waiva Mwari. Wakava nehanya.

180 Jakobho, humwe husiku, munoziva, wakanga abva kwaRabhani, uye wakanga ava munzira yake kuenda. Akaita chishuwo mumwoyo make chokushanyira nyika yake. Uye tinoona kuti wakanga achitya. Wakanga asinga . . . Waitya

kusangana nomukoma wake. Saka wakatanga kuperera, asati ayambuka Jorodhani, ndokunamata husiku hwese. Uye wakaita mutsimba naShe, akaita mutsimba usiku hwose. O, akati, "Handikuregerei muchienda."

181 Ndinozvida izvozvo. Batirira paAri. Ndizvozvo. Gara husiku hwose naYe. Andrea wakadaro. Akagara naYe husiku hwose.

182 Uye akaita mutsimba neMutumwa, husiku hwose. Uye Mutumwa akati, "Kwava kuedza. Ndinofanira kuenda."

183 Iye akati, "Handisi kuzokuregai muchienda. Ndinoda chimwe chinhu mandiri chakasiyana. Ndinoda chimwe chinhu mandiri chichandishandura."

184 Uye munocherechedza, kuti Ishe vachangopedza kumuropafadza, kuropafadza kwaakakumbira, wakabva atogadzirira kuyambuka rwizi kuti andoona mukoma wake. Maona? Nemhaka yei? Wakaita mutsimba husiku hwose. Wakagara ne—wakagara ne . . . naMwari, husiku hwose, ndokuita mutsimba naMwari.

185 Zvino, dai akangoti, "Hei, ndisiye zvino. Ndaneta." Maona? Maropafadzo haambouyi. Maona? Haaizombo—Haaizombosvikapo. Maona?

186 Asi akagarapo husiku hwose. Maona? Akaita mutsimba naYe husiku hwose, ipapo ndipo paakazenge agadzirira kundosangana nemukoma wake mangwanani aitevera.

Davhida muduku, imwe nguva . . .

187 Munoona, chinhu chekutanga, unofanira kugutsikana. Ipapo, chinozotevera, unozova nehanyn'a mushure mokunge wagutsikana. Zvino, Jakobho wakazviziva. (Ndisati ndaenda kuna Dhavidha.) Jakobho wakaziva kuti Mwari wakanga amuparadzanisa kubva kumukoma wake, Mwari wakanga amutuma mhiri kune imwe nyika uye wakanga anaye, uye akamuropafadza nokumupa zvose zvaakanga anazvo; akamupa vimbiso, yokuti Achamuchengeta, nokumuwanza, kana aidzokera kunyika yake. Iye aiziva, kuti kana akangosangana naMwari iyeye, ipapo aizova nehanyn'a, izvozvo ndizvo zvaakaita. Zvakanaka.

188 Zvino, Dhavhidha, rimwe zuva wakauya ne—nemakeke akagadzirwa namaonde, nemapai ane raisin akanga agadzirwa nababa vake. Jesse akazvituma naDhavhidha. Wakanga ari mukomana muduku, uye madzikoma ake akanga ari muhondo kumusoro uko pamwe chete neIsraeri. Uye VaFiristiya vakanga vavamanikidza, uye vakavamanikidzira kudivi regomo, uku VaFiristiya vari kune rimwe divi. Dhavhidha muduku ndipo paakauya akapfeka bhachi rake duku rohufudzi, nechivhiriri chakapetwa chiri muhomwe yake kana kuti pamwe pachaiva. Iye—iye ndokufamba achikwira ikoko, ndokunzwa zi—ziinzwi

gobvu raiomba richibuda kubva muhofori mhiri ikoko, richidenha hondo dzaMwari mupenyu.

189 Zvakanaka, izvozvo zvakaita sokubata Dhavhidha. Maona? Zvino, Dhavhidha wakafamba achienda kuna Sauro, ndokubva audza Sauro. Mushure mekunzwa zvakaitika, zvezvaakataura, zvokuti anoda kundorwa naye. Wakaenda kuna Sauro. Uye Sauro akati, "Zvakanaka, unongova mukomana. Uye unongova mukomana muduku zvake. Uye iye mukurusa kwazvo pauri, anga ari murwi kubvira ari wechiduku. Ko ungarwa sei nomunhu akadaro?"

190 Zvino nyatsotarisisai. Chokutanga, Dhavhidha, wakanga akagutsikana. Ameni. Wakanga akagutsikana, ipapo ndokuzova nehanyn'a pamusoro pehama dzake. Kana vakanga vari mbwende dzaitya kumurwisa, iye aizomurwisa. Ameni.

191 Hepanoi pamava. Ndiyo mhando yeMukristu. Kana vamwe vose vasingazviiti, isu ngatizviite. Ameni. Ngatizviite. Kana ndichifanira kumira ndoga, ndinomira ipapo. Ndodanidzira, chakanaka nechakaipa. NdoChitaura kunze uko. NdoChitaura, zvisina basa kuti ndiani anotaura pamusoro pako. Mira paShoko raMwari uti ndiRo rakarurama. Gara naRo. O, inguva yakadini!

Dhavhidha wakanga akagutsikana. Waiziva kuti Mwari ndewamazvirokwazvo.

192 Sauro anogona kunge akataura chimwe chinhu chakafanana nezvizvi, "Mwanakomana wangu, ndinoyemura kushinga kwako. Asi, iwe, haugoni kumirisana nomurume uyo." Munoona, vakanga vakatarisa zvinooneka kunze.

193 Asi Dhavhidha wakanga akagutsikana. Wakati, "Teererai. Rimwe zuva," akati, "muranda wenyu ari pano wakanga achifudza makwai ababa vake." Ndokuti, "Shumba yakauya, ndokubata rimwe remakwayana, ndokuenda naro." Ndokubva ati, "Muranda wenyu wakaitevera, ndokuirovera pasi, nechivhiriri. Zvino yakandisvetukira, ini ndokubva ndaibata ndebvu dzayo ndokuiuraya."

194 Iye ndokuti, "Zvino rimwe zuva imwe mhuka, bere, rakauya ndokubata rimwe, ndokuenda naro. Uye ini—ini ndakariuraya. Ndakagutsikana kuti Mwari wakagona kundidzikinura kubva pamatsimba eshumba, nokubva pamatsimba ebere, Angagona zvakatonyanya sei kundidzikinura kubva kumuFiristiya kunze uko anozvitutumadza, asina kudzingiswa?" Hongu, changamire. "Angagona zvakadini kuita izvozvo? Ndakagutsikana kuti ndizvozvo chaizvo. Uye hama dzangu hadzina kushinga kokuti dzinorwa. Ndizvozvo. Asi ndine hanyn'a pamusoro pehondo dzaMwari mupenyu. Ndine hanyn'a, ndichivaona vachidududza panyaya idzi." Ameni.

195 Pane zvandataura here? Zvakanaka. Hongu, changamire. Ndine hanyn'a kuti vari kudududza panyaya yaMwari, vachiti, kuti, "Jesu Kristu haasi mumwe chete zuro, nhasi,

nokusingaperi." Ndine hanyn'a pamusoro pavo pavari kudududza, vachiti, "Hutsvene hahusi hwomuchechi. Hapana chinonzi kucheneswa kweMweya." Ndine hanyn'a pamusoro pavo pavanoti, "Mazuva ezvishamiso akapfuura." Chiiko chakakanganisika pavari? Chii chanetsa? Tine hanyn'a.

196 Kana vachitya kuzviita, isu takasangana nechiitiko kunze uko. Takasangana naDhiyabhorosi. Ndizvozvo. Uye Mwari wakagona kukunda Dhiyabhorosi muhupenyu hwangu, nokudurura mandiri kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, anogona—anogona kuuraya dhimoni kunze uko risina kudzingiswa, riri kuedza kuzvidza hondo dzaMwari mupenyu. Ameni.

197 Dhavhidha wakava nehanyn'a. Nemhaka yei? Wakanga akagutsikana kuti Mwari aiva Mwari. Wakanga akagutsikana kuti Mwari waigona kumutora iye nechivhiriri chiya ndokuuraya shumba, waigona kuona zvokuita nomuFiristiya waizvitutumadza, asina kudzingiswa. Hauzikuzviona here izvo, shamwari?

198 Mwari anogona kuzadza munhu noMweya Mutsvene, haAngagoni here kupodza murume kana mudzimai, anoedza kuzvidza Mukristu? O, zvirokwazvo Anogona kuzviita. Mwoyo une nzara yokuda kuziva Mwari, Mwari wakazvidza Dhiyabhorosi nokumudzinga kubva muhupenyu hwangu, akaisa Kristu imomo, Angatadza here kuzviitira murume uyowo? Zvirokwazvo. Mwari anogona kubvisa zvishuvo zvenyika kubva mauri, Angatadzavo here kubvisa zvishuvo zvenyika kubva mumunhu ari pedyo newe? Zvirokwazvo, Anogona. Munoona, zviripo ndezvizvi, unofanira kugutsikana, zvadaro unogona kuzova nehanyn'a kana wadaro.

199 Uku muna Vatongi tinowana mutongi wechitatu. Vazhinji venyu hamusati mambomuverenga. Zita rake unonzi Shamugar. Padiki, ndima imwe yakanyorwa pamusoro pake, zasi kwamapeji e—eBhaibheri, muBhaibheri rangu reScofield pano. Uye Shamugar, waiva mu—muIsraeri.

200 Uye munguva yavatongi, VaFiristiya vairega VaIsraeri vachiibvisa zvirimwa zvavo. Zvino vaizoita sei? Vaiuya, vachifora, ava mushure mokunge vashanda zhizha rose, vovatorera zvirimwa zvavo, vobva vodzokera.

201 Rimwe zuva, Shamugar muduku kunze uko, wakanga akamira, padura rake, apedza kupura zvose, gorosi rake rakaungana ipapo. Uye pamwe mudzimai wake muduku, asinganyatsoratidzika, nevana vake vaduku, munoziva, matama akacheneruka. Wakanga akaondoroka, nokuti, mugore rapfuura, VaFiristiya vakanga vamutorera zvose. Vakanga votofanira kundotsvagurudza goho, vachinonga zvavaigona kuwana. Uye ndicho chimiro chavakanga vari machiri.

202 Uye nguva inenge Shamugar yaakaisa zvose panzvimbo yazvo agadzirira chando, akanzwa ruzha. Akatarisa napafafitera. Chii chiri kuuya? Hepanoi mazana matanhatu aVaFiristiya asvika, vose vakapfeka hanzu dzehondo: mapfumo, minondo yakarembera pamativi avo, ngowani dzesimbi dzakakora inji imwe chete, dzendarira; huru, hombe, vakaputirwa *sezvizvi*, nesimbi, nemabhachi edare, semadaidziro avanoaita. Havanoi. "Tirombu, tirombu, tirombu." Zvakanaka, vachifora vachiuya. Chii ichocho? Kuti vazotora zvaakanga anazvo. Ndizvozvo. Unoziva chii? Shamugar, ndinogona kufungidzira, achitarisa mhuri yake. Ndokutarisa panze apo paVaFiristiya.

203 Ipapo akabva atarisa kuDenga. Akafunga, "Ini ndiri muJudha. Ndiri musungano. Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho, baba vangu, ndiye Mwari wangu. Ndakadzingiswa. Handisi murwi. Handina chandinoziva pamusoro pomunondo. Asi ndine hanyn'a nemhuri yangu. Ndakagutsikana kuti Imi muri Mwari." Hareruya! Ndizvozvo.

204 Kwete kudanidzira, "Hei, VaFiristiya, imbomirai kusvikira ndawana Barchelor of Art, munoziva, Ph.D. yangu pandinodzidza kuita mutsimba." Kwete. Hauna nguva yokuita izvozvo. Ingoziva chete kuti Iye ndiMwari. Zvapera.

205 Akati, "Ndinoziva kuti Iye ndiMwari. Ndakagutsikana kuti ndiMwari. Ndinoziva kuti ndiri muJudha. Ndinoziva kuti ndiri musungano. Ndinoziva kuti ndakadzingiswa." O, ini zvangu!

206 Nhasi takadzingiswa nekudzingiswa kukuru kupfuura ikoko. Takadzingiswa noMweya Mutsvene, apo nyika inogurwa kubva kwamuri. Uri musungano here? Uri Mukristu here? Wakazadzwa here noMweya Mutsvene? Wakadzingiswa here noMweya Mutsvene? Kana zvakadaro, hama, vimbiso yose iri muBhaibheri ndeyako. Ameni.

207 Mwari une nyasha imomo dzokuti imi madzimai muve nebvudzi refu. Mune nyasha imomo kukuitai imi varume kuti muone kuti mudzimai aita izvozvo. Mune nyasha imomo dzezvinhu izvi zvose. Mune nyasha imomo dzokupodzwa kwenyu. Ndizvo. NdiMwari.

208 Kana zvisina kudaro, chii chatiri kutamba pamusoro pacho, chii chatiri kuenderera mberi pamusoro pacho? Tiri dare rinongoita ruzha nezen'e rinongoti ngwere ngwere, uye tava "munyu wadurungunda." Zvirokwazvo.

209 Tiri mapentekosta, kana kuti ndizvo zvatiri here? Chinotevera, kana tiri mapentekosta, ngatiitei zvechipentekosta. Kana Mharidzo yakarurama, pindai maIri. Kana Isina, budai maIri motsvaka kune yakarurama. Chokwadi. Kana Mwari ari Mwari, Mushumirei. "Asi hamugoni kushumira Mwari noupfumi panguva imwe chete." Ngatishumirei Mwari. Ivai makagutsikana, ipapo munozova nehanyn'a. Zvino

zvadaro chechi ichazonyatsokura, nokuti munoenda kunze uko mondotora vose vamunogona kuuya navo muno.

210 Asi kana bedzi muchiri kungotenderera, muchiti, "Zvakanaka, iro ibasa romuparidzi." Harisi basa romuparidzi. Ibasa romunhu wese. Ndizvozvo. Mukristu wose akazvarwa patsva ane Mweya mumwe chete iwoyo maari. Muparidzi anogona kunge aine chipo, asi ichocho chinongova chipo choMweya Mutsvene, kwete Mweya Mutsvene; chipo choMweya Mutsvene.

211 Vaparidzi vakadanwa. Vaporofita, navadzidzisi, navavhangeri, navafundisi, nevakadaro, vanogamuchira Mweya Mutsvene, nechipo chokuita zvinhu izvi nacho.

212 Asi Mwari haana zvivana zviduku kana mazivana makuru. Vose vanongova vana, kwaAri. Ndizvozvo chaizvo. Uye nzvimbo yako chaiyo kugara izvozvi munzvimbo dziri muChadenga muna Kristu Jesu, nesimba rose.

213 Unoti, "Hama Branham, ndini mudukusa muchechi. Ndinongova kamukomana kaduku."

214 Asi, rangarira, paAkakwira Kumusoro, unoona, wakasimudzwa pamwe chete naYe. Uri muMutumbi wake. Uye una Kristu zvino uno, wakagara munzvimbo dziri muChadenga. Kana uri ganda riri pasi petsoka, dhimoni rose riri pasi pako. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Chechi! Pane musoro, mutumbi ndipo pauri. Kana isu takavigwa, takafa, tikavigwa muna Kristu, naizvozvowo takamutswa pamwe chete naYe mukumuka kwaKe, uye tikagara munzvimbo dziri muChadenga muna Kristu Jesu, tine moto wose wegehena pasi pedu. Ameni. Ndizvozvo. Zvisinei kuti uri muduku zvakadini, dhimoni rose riri pasi pako. Nemhaka yei? Mukundi wedu mukuru akakunda chivi chose, zvose, kurwara kwose, chose . . . kunyange rufu pacharwo. Ndizvozvo. Tiri vakundi nokupfuurira maAri. Chinhu chiripo bedzi, takagara naYe muChigaro chaKe, takaMutarisa sezvaAkatarisa, kuna Baba. Ndizvozvo. Zviripo. Zvakanaka.

215 Shamugar akanga afinhwa nazvo. Akati, "Ndakagutsikana kuti Iye ndiMwari. Ndine hanyn'a nemhuri yangu." Munoziva zvaakaita? Wakatora zishamhu rokutyairisa mombe, ndokusvetukira pakati pomugwagwa kunze uko, ndokuuraya mazana matanhatu amaFiristiya.

216 Munoziva here kuti shamhu yokutyairisa mombe chii? Sei, rumuti, rwunenge, o, ndinofungidzira, rwakareba mafiti anenge matanhatu—, mafiti manomwe paurefu, pamwe rusina kureba zvakadaro, ruine chisimbi chendarira parunoperera, kana chimwe, kana dare. Panomira gejo, dzimwe nguva vanopara gejo nacho, *sezvizvi*, zvino vorovesa mombe neshamhu, *sezvizvi*, "Kamani famba! Kamhani famba! Svetuka apo."

217 Saizvozvo, neshamhu muruvoko rwake. Uye, iye, asina chimwe chaakapfeka kunze kwehovhorosi yake. Ndidzo

dzaiva nhumbi dzokurimisa. Asi pano VaFiristiya ava vauya vakapfeka nguwani dzesimbi nehanzu dzesimbi, nemapfumo. Asi muJudha mumwe chete muduku uyu, haana kungovarova bedzi, asi wakavauraya. Ameni. Shamhu iyi yakazvikwanisa sei? Shamhu yokutanga yaakarovesa musoro wemuFiristiya akapfeka hanzu dzehondo, zvinenge *sezvizvizvi*, shamhu iyoyo yemombe yaifanira kuita zvipisi makumi mashanu. Asi wakarova mumwe kune rimwe divi, nomumwe kune rimwe divi, saizvozvi, kusvikira avarovera pasi boka ravo rese nokuvauraya. Sei? nokuti wakanga akagutsikana. Ameni. Wakava nehanyn'a.

218 Murume anorwira mhuri yake saizvozvo, pamamirire ezvinhu akadaro, ko chechi yaMwari mupenyu inofanira kurwa nei, iine kubhabhatidzwa? Shamugari wakanga aine shamhu yemombe. Imi mune rubhabhatidzo, rweMweya Mutsvene. O, ini zvangu!

219 Hatidi kuita maawa mana manheru ano, saka tinofanira kuenderera mberi. Ndizvozvo. Hongu, changamire.

220 Abrahama, munoziva kuti chii chaakaita? Mumwe musi, wakatandadza vanhu. Ndinokanganwa, munenge muchitsauko 16, 17, kwete, munenge muchitsauko 19, ndinofungidzira, chaGenesisi. Mumwe musi, wakatandadza, boka reVarume, kusvikira wakanyatsogutsikana kuti Ivo Vaiva vana ani. Wakasimudza meso ake paakanga akagara pasi petende. Wakaona Varume vatatu vachiuya; vaine hanzu dzine guruva. Akavatarisa. Waiva . . .

221 Mamwe manzwiro asinganzwisisiki akamushanyira, okuti Varume ava vakanga vakati siyanei zvishoma nevamwe varume, saka wakaVamhanyira. Akati, "HaMungambotsauki mukamira here, mugogara pasi pomuouki, uye," akati, "uye mumbozorora zvishoma? Uye ndigoKutorerai mvura. Nokugeza tsoka dzeNyu. Uye—uye ndigoKupai chimedu chechingwa. Uyezve Imi Mugofefeterwa, uyezve Mugoenderera mberi nerwendo rweNyu." Maona?

222 Chakanga chiri chii? Haana kuregera mukana uyu uchingopfuura. Musazviita izvozvo manheru ano, nemiwo. Maona? Akabata mukana iwoyo.

223 Zvino, wakati, "Garai zvino pano, ini ndichaenda ndinokutorerai mvura." Akageza tsoka dzaVo, munoziva, achivaongorora. Akati, "Ndine chokwadi kuti ndiri kuona zvakarurama." Akaenda pane mumwe Murume, ndokuMutarisa—tarisa, munoziva, ndokugeza tsoka dzaKe, ndokupukuta huruva kubva pahanzu dzaKe.

224 Ndokuudza Sara, akati, "Hunza chingwa, zvino, nokukurumidza." Ndokuudza varanda vake, akati, "Torai mhuru iya yandichangouraya." Akati, "Chekachekai nyama. Zvino tava kuzopa kudya kuVarume ava."

225 Akaramba achidzigeza. Akati, "Zvino, ndine chokwadi chaicho. Ndava kutonyatsoona saizvozvo." Saka zvino mushure mechinguva . . .

Zvakaenderera mberi, kwechinguvana. Vakagara pasi ndokudya.

226 Pamwe, pavakanga vapedza kudya, vagadzirira kuenda, vakaramba vachitarisa divi reSodhoma. Uye mushure menguva, Mumwe waVo akataura akati, "Abrahama." Kwete Abrama zvino. Mazuva mashoma kumashure, Mwari anga ashandura zita rake. "Abrahama, Sarah ari kupi?" Kwete S-a-r-r-a; asi S-a-r-a-h, Sarah. "Sarah uripi, mudzimai wako?"

227 Ko Akaziva sei kuti zita rake ainzi Abrahama. Ko Wakaziva sei kuti akanga akaroora? Ko Akaziva sei kuti aiva nemudzimai. Ko Wakaziva sei kuti zita rake wainzi Sarah? Ko Wakaziva sei kuti rakanga rashandurwa kubva pakunzi Sarai pakuva Sarah, uye iye kubva pakuva Abrama mukuva Abrahama?

228 Abrahama akati, "O, ini zvangu! A! Zvinofanira kuva . . . Ndaka Muona muMweya, asi uyu anofanira kuva Iye." Iye . . . Uye Abrahama akati, "Mudzimai ari mutende." Uye Bhaibheri rakati Murume iyeye Wakanga akafuratira tende. Akati, "Ari mutende, kumashure, kumashure kweNyu umo."

229 Akati, "Abrahama, ndichakushanyira panguva yohupenyu. Akamirira izvi, kwemakore makumi maviri nemashanu. Wava nemakore makumi mapfumbamwe, kana kuti zana remakore okuberekwa, uye mudzimai ava nemakore makumi mapfumbamwe. Uye zvino tiri . . . ini, ndichakushanyira zvino, ndigokupa. Uchava nemwana uyu, wandakakuvimbisa. O! "Ini" chisazita chedungamunhu ari kutaura. "Ndakakuvimbisa."

Abrahama akati, "Ndinoziva kuti ndizvo zvazviri iko zvino. Ndinozviziva."

230 Asi Sarah, kumashure umo mutende, haana kuzvinzwisisa. Akati, "Hee!" Akaseka, akati, "Ini, chembere yakadai, yava kuda kutosvitsa makore zana okuberekwa, ndigoita mufaro naishe wangu, uye," akati, "Iye achemberawo? Ko tingagorarama semhuri zvakare sei?" Akati, "Hatingambogoni kuita izvozvo." Akati, "Izvozvo hazvingagoni kuitika." Uye akaseka mukati make.

231 Uye Murume uyu, Akafuratira tende, akati, "Sarah asekei, achiti chinhu ichi hachigoni kuitika?"

232 Ipapo Abrahama akabva aziva. Ipapo Abrahama akabva aziva. Ipapo Sarah akabva aziva. Akauya, achidedera, akati, "Handina kumbodaro."

Akati, "Hongu, wataura kudaro."

233 O, ipapo Abrahama akabva agutsikana kuti uyu waiva Mwari. WakaMuti, "Ishe," vara rokukudza I-s-h-e, anova Elohim. Kwete chinhu chekufungidzira; Waiva Mwari. Wakanga

akagara ipapo. Akati, "O!" wakanga anyatsogutsikana kuti Uyu waiva Mwari.

Saka, Wakanga achienda zasi kuSodhoma.

234 Uye chii chaakaita? Ipapo wakava nehanyn'a nehama yake yakanga yarasikira zasi kuSodhoma. Nokukurumidza, angoona zvakanga zvava kuda kuitika, akati, "Kana ndikawana varume makumi mashanu zasi uko va—vakarurama, Munga—Mungairegerera here? Makumi mana?" Achidzika kusvikira, "Gumi." Maona? Wakava nehanyn'a pamusoro pehama yake.

235 Ndizvozvo, hama. Tinova nehanyn'a pamusoro pehama yedu kana tagutsikana kuti uyu ndiMwari. Uye kana isu vanhu vepentekosta tagutsikana kuti uyu ndiMwari, ipapo tinozova nehanyn'a nehama dzedu. Ndizvozvo. Asi tinozvibata sokunge hatina kunyatsogutsikana. Uye dzimwe nguva kana tanamatira vanorwara, hurwere hworamba huchienderera mberi, tinoti, "Zvakanaka, ini—ini handizivi. Ndinamatirei zvakare." Tichienda, mberi neshure, tichiita sevanhu vasina kunyatsogutsikana zvizere kuti Mwari anochengeta vimbiso yaKe.

236 Hama, Mwari anochengeta vimbiso yaKe. Zvirokwazvo, Anodaro. Kana i—kana isiri Mwari, kana isiri vimbiso yaMwari, saka Iye haafaniri kuichengeta. Asi kana iri vimbiso yaKe, Anofanira kuichengeta, kuti arambe ari Mwari. Hapana chakaipa pana Mwari; zviri pauri iwe neni.

237 Mwari wakavimbisa, mumazuva okupedzisira, zvaAchaita, kuti AchaZviratidza mumazuva okupedzisira. Muna Mutsvene Johane 14:12, Jesu akati, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita achaaitawo."

238 Firipi paakauya ipapo, pamberi paJesu, akaona zvinhu izvi zvichiitika, wakamhanya kundodana Natanieri.

239 Natanieri wakauya. Natanieri paakasvika muHupo hwaKe, wakagutsikana zvizere, hongu, changamire, paAkati, "Ndakuona pawanga uri pasi pomuonde."

240 Wakabva agutsikana kuti uyu waiva Mesiya. Akati, "Muri Mwanakomana waMwari. Ndinozviziva."

241 Mudzimai wepatsime, wakagutsikana zvizere paAkamuudza kuti wanga ane varume vashanu panguva iyoyo. Wakagutsikana. Uye haana kungogutsikana bedzi, asi wakava nehanyn'a. Wakamhanya muguta akati, "Huyai, muzoona Murume wanditaurira zvinhu zvandakaita. Haasiye here Mhesiya?" Maona? Wakanga agutsikana zvizere, wakatenda, akaziva kuti chaiva chokwadi.

O Mwari, tinzwirei tsitsi.

242 Tinofanira kugara naYe kusvikira tagutsikana, ndizvozvo, kuti tizive kuti Izvi ndizvo here, uye toona vimbiso yaKe ichiitwa mhenyu pakati pedu. Tinobva tava nehanyn'a. Kana

tikangotora Bhuku raMwari pano, toti, "Wakavimbisa kuzviita," uye togarira kusvika tagutsikana kuti Iye ndiMwari weShoko iri, kuMuona achiZviratidza muShoko iroro, achiita kuti Shoko iro rirarame, kuti imi magamuchira vimbiso irimo. "Mukagara maNdiri, naMashoko aNgu . . . " Kwete rimwe raWo; ose aWo. "Uye Mashoko aNgu akagara mamuri, ipapo kumbirai chamunoda, muchachiitirwa." Ndizvozvo. Maona? Zvinofanira . . .

243 Kwete nhasi bedzi; manheru ano namangwana, pasina kupokana. Munorikandira kunze uko mangwana, moti, "Zvakanaka, ndinokuudzai. Ini—ini handizivi kuti Iro nderechokwadi here kana kuti kwete. Pamwe rakaitirwa mumwe munhu; handiziviwo pamusoro pangu." Zvino, munoona, harigari. Rinobva ratoenda. Maona? Shiri dzinouya dzoritora, shiri dzedenga.

244 Asi kana rikawira pasina kushandisa njere kupi zvako, kupokana, kana chimwe chakadaro, rinobereka kakapetwa kazana. Kuva nehanyn'a!

245 Zvinondirangaridza. Ndine mamwe Magwaro pano andinoda kutaura nezvawo, asi ndava kuzomira muminiti inotevera, nditaure izvi. Ndakaona rimwe zuva, katuni mubepa. Ndinoda kupedzisa, ndichitaura izvi. Zvakandibata. Uye yaiva—yaiva katuni, yakanyatsotsaukana.

246 Pakanga paine mukomana muduku. Wakanga akanyatsopfeka zvakanaka Svondo mangwanani, agadzirira Sunday school. bvudzi rake pfupi rakakamwa, uye ngowani yake iri muruvoko rwake. Wakanga atogeza kumeso kwake. Uye wakanga atodya kudya kwake kwemangwanani, nokukwesha meno ake, uye atogadzirira kuenda kuSunday school. Zvino wakanga akamira pamusuwo weimba yokurara yababa namai vake vakanga vakarara, achigogodza, achiti, "Ndiyani wenyu achaenda neni kuSunday school?" Kuva nehanyn'a. Ndizvozvo. Ndizvo chaizvo, shamwari. Kuva nehanyn'a.

247 Munoona here mungava uripo paguta rino reTempe, ndinotenda, kuti wakazorora pamapfudzi enyu? Ndinotenda kuti Mwari wakakuitai mumwe nomumwe wenyu, dzimba dzechiedza. Imi, imi mune mungava pamusoro pezvivi zviri muguta rino, zvakazorora pavashumiri, pamusoro pevanhu vechechi, vafambi, patiri kufamba tichienda. Hamuzvitendi here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka.

248 Chii? Hamutyi imi. Zvirokwazvo hamutyi kutora Mwari paShoko raKe. Mwari anochengeta Shoko raKe. Mwari haasi Mwari wokuti Anganzi ndechimwe chinhu, mushure ozonzi chava chimwe. Maona? Kana—kana Akavimbisa chimwe chinhu, chinhu ichocho ndicho chaAchaita. Mwari anochengeta Shoko raKe. Munozvitenda here izvozvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

249 Hamutendi here kuti Jesu mumwe chete wakamutswa kubva muguva, wadzoka muchimiro choMweya Mutsvene uye uri matiri zvino? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] "Munguva shoma nyika haizoNdioni, asi imi muchaNdiona. Imi muchaNdiona, munoona, nokuti Ndichange ndinemi, ndiri mamuri, munoona, kusvika kumagumo ezvose. Ndichange ndinemi, kusvika kumagumo enyika, Ndichange ndinemi. Handizombokusiyii kana kukurashai. Tarirai, Ndinemi nguva dzose, kusvika kumagumo enyika. Maona? Nyika haizozvioni, asi imi muchazviona." Nyika haizvitendi. Asi ndezvenyu. Izvo . . . Vanozvitenda ndivo vanozvigamuchira. Ichokwadi.

250 O, zvino, shamwari, hechinoi chakavanzika. Hechinoi chinhu chandinoda kuti muzive.

251 Ini—ini ndine mufaro mukuru kuuya manheru ano kuzotaura kwamuri. Muri vatereri vakaisvonaka. Ndine mufaro zvikuru kuuya muno muchechi yeHama Groomer. Ndinoona, ndinotenda kuti vaiva mubati wehomwe pane imwe nguva, kana zvimwe zvakadaro, mune imwe yemamitingi edu, kana zvimwe zvakadaro, muri munyori, mubati wehomwe, uye nezvakadaro. Ini—ini ndaigaroda kuuya kuchechi yavo duku. Vakandikumbira, nguva—nguva idzodzo, "Hama Branham, huyai muzotiparidzira."

252 Pane rimwe boka revanhu randinoda kuenda kwariri, maIndia aya ari kumusoro uko, nechokumusoro uko, ve—veNavajo kana kuti maIndia echiApache, vanhu vanokosha. Ndinorangarira misangano yatakaita kumusoro uko, maitire atakaiita. Uye pose pandiri, ndinogona kuramba ndichirangarira misangano yakaisvonaka iyi yatakaita kuno nevanhu ava. Uye ini . . .

253 Mharidzo yandakaparidza pakutanga, ndiyo imwe chete yandichinayo. Ndichakamira nenzira imwe chete. NdiMwari, shamwari. Ndakanyatsogutsikana kuti iyi nzira yoMweya Mutsvene ndiMwari. Zvino, ichi ndicho Chokwadi. Zvino, ndinoChitenda nomwoyo wangu wose. Uye kana isu . . .

254 Unofanira kugutsikana. Kana ukasadaro, naizvozvo hauzovi nehanyn'a.

255 Zvino, dai ndakanga ndisina kuva nehanyn'a, kana kuti kugutsikana kuti nzira yoMweya Mutsvene iyi ndiyo yakarurama, ndingadai ndichiri muchechi yeBaptist, nokuti iboka rakanaka rehama dziri kuchechi yeBaptist iya. Hongu, changamire. Idzo hama dzechiMissionary ihama dzakanaka, vamwe vavo. Asi ndinovada zvakadaro.

256 Uye ndakanyatsogutsikana, zvakadaro, kuti, chechi, yava nguva yechechi kuti ichibhabhatidzwa noMweya Mutsvene, anova Kristu achipinda mauri, achiZvizivisa nomuzvishamiso. Zvino, ma—maBaptist vanozvitendawo izvozvo, nechechi zhinji kusiya kweKatorike.

257 Katorike inotora kasakaramento, munoziva, vachiti, "Mwari uri musakaramento iroro." Humwe usiku ndichaparidza pamusoro pazvo, munoziva, *Zvokunamata Zvifananidzo Zvichienzaniswa neChikristu*, kana Ishe vachida, zvino, pamusoro pokuti "sakaramento iri richinzi ndiMwari."

258 Saka, zvino, ini—ini ndinotenda kuti maProtestant ose anotenda, uye kufamba kukuru kweevhangeri kwaka—kwakanyatsozvarwa noMweya waMwari, kana kuti chipi zvacho china Mwari machiri. Vanoziva kuti Mweya Mutsvene unouya. Asi havazvitauri izvozvo, "Iye . . ." PaAnouya, kuti, "Akashandura hunhu hwake," vanoita sokudaro. Maona? Vanofunga kuti, "Zvakanaka, Haangodi nyika, uye kuti vanhu vanogona kungoenderera mberi vachirarama mararamire avanogaroita, munoziva, vachingoenda kuchechi nokungoedza kuva munhu akanaka, nokungoita zvakanaka sezvavanongoita." Hazvisizvo, shamwari.

259 Kana Mweya Mutsvene wauya mauri, Anokuita chisikwa chitsva. Hongu, changamire. Anokuita chisikwa chitsva. Uye Anozviisa mauri, iwe wova chimupunzo chake. Iwe, Iye anorarama mukati mako, achishanda, achiita nzira yaKe mauri.

260 Zvino, ndakaverenga muTestamente Yekare kutanga, ndokubva ndaona Mwari zvaaiva muTestamente Yekare nomuvaporofita. Ndakabva ndauya muTestamente Itsva, ndokutora Testamente Itsva. Ndakaona kuti, Mwari mumwe chete weTestamente Yakare ndiye waiva Mwari mumwe chete weTestamente Itsva.

261 Ndokubva ndatora kubva muTestamente Itsva, ndichidzika kusvika pakurongwa kwechechi yeKatorike yokutanga, zvakazoitika shure kwe makore anenge mazana matatu, paKanzuru yepaNicaea apo mabhishopi akatora zita rokuti Papa nechechi yeRoma, iyo yakatora divi rezvitendwa zvisingapikiswi. Uye Katorike yechiOrthodox yakaramba ichitenda Bhaibheri. Asi chechi yeRoma yakatora di—divi rezvitendwa zvisingapikiswi, uye vachiri kungodaro nhasi. Uye saka zvino, imomo, ndimo mavakarasikirwa nezvishamiso nezviratidzo. Vakadzika vakadaro kwemazana amakore, kusvikira panguva yokuvandudza.

262 Ipapo kuvandudza kwakauya. Ndipo pakauya Martin Luther naJohn Wesley, ndinotenda, vatumwa vemazera echechi, sezvatakapfuura nomuzera reFiradhefia ne—nezera reTiyatira.

263 Zvino tadzika kusvika pazera rechechi reRaodhekia. Uye zera rinonzwisa tsitsi kupfuura ose ndiro zera rechechi reRaodhikia, nokuti Kristu wadzingirwa kunze kwechechi yaKe, uye wava kugogodza, achiedza kudzokera mukati mayo. Ndizvozvo. Hongu. Ndizvozvo. Chechi yatapinda mairi, Ari kuedza kudzokeramo mushure mokunge adzingirwa kunze.

264 O, hama, hanzvadzi, Anoda sei kupinda mukati mechechi yaKe! Anoda sei kufamba pakati pavo! Anoda sei kuzviratidza Pachake ku—kunyika! Anogona kungozviita izvi paAnenge achishandisa iwe neni.

265 Vakaziva sei kuti uyu ndiye waiva Mhesiya? Mudzimai wepatsime wakaziva sei kuti uyu waiva Mhesiya? PaAkamuudza kuti waiva nevarume vashanu. Natanieri wakataura sei kuti, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu"? Nokuti Iye wakati, "Ndakuona pawanga uri pasi pomuti." Maona? Ndiwo mazivire avanoita. Ndicho chaiva chiratidzo chaMhesiya. Ichi ndicho chokwadi. Ingobvunza chero munhu. Tarisa muBhaibheri rose. Ndizvo zvachiri, chiratidzo chaMhesiya. Zvino Iye . . .

266 Ndakagura nyika ino rwakawanda. Uye ini—ini handisi Mhesiya. Ndiri—ndiri—ndiri hama yenyu.

267 Asi zvandiri kuedza kutaura, ndezvokuti, Mhesiya, Kristu, Mweya Mutsvene mumwe chete waiva muna Kristu, ndizvo zvakaMuita Mhesiya. *Kristu* zvinoreva "Akazodzwa." Wakanga ari mutumbi wenyama wakaumbwa mumimba yomudzimai.

268 Vamwe venyu imi vanhu vakanaka vechiKatorike munoedza kumuita mwarikadzi. Munoona here kuti mudzimai uyu wakanga asiri chinhu chinopfuura chakangoshandiswa naMwari kuzvara mwana? [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Zvirokwazvo haasi. Haasi mambokadzi weDenga. Anongova mudzimai bedzi wakasarudzwa naMwari, mudzimai iyeye, nokuti wakanga akachena uye ari mhandara, uye akamufukidza noMweya Mutsvene ndokusika mutumbi maari, nokusika kwaKe pachake. Pakanga pasina mbeu yomurume pazviri, zvachose, kwete zvachose. Kwete, zvirokwazvo. Chaiva . . .

269 Wakanga asiri muJudha kana Mutorwa. Waiva Mwari. Wakasikwa mumimba. Uye mutumbi uyo wakachena, mutsvene, usina mbeu yakabva kumunhu zvachose, waiva mudziyo wakacheneswa uyo Jehovha akagara mauri. Nokudaro, Jesu akati, "Handisi Ini ndinoita mabasa aya. NdiBaba vaNgu vanogara maNdiri. NdiVo vanoita mabasa aya." Ndizvozvo. Aigona kutaura nokureva mashoko, nezvazvaiva. "Handisi Ini. NdiBaba vaNgu vanogara maNdiri." Maona? Uye, Baba vaKe, ndicho chikonzero Iye ainamata kuna Baba. Akati . . .

270 Mumwe munhu wakandibvunza, akati, "Zvakanaka, zvino, Waigonamata sei kuna Baba ivo Baba vanga vari maAri?"

271 Ndikati, "Ko iwe unonamata sei kuna Baba kana Baba vari mauri?" Maona? Hezvinoi. Munonamata kuMweya Mutsvene. Saka, zvirokwazvo munodaro. Maona? "Mwari waiva muna Kristu achiyananisa nyika kwaAri." Jehovha Mwari Mukuru waigara muna Kristu. Isu, Uri matiri nemuchiyero. Zvino, maAri pasina chiyrero. Asi, chiyero ichi ndiYe, Chechi pamwe chete muMutumbi. Maona?

272 Zvino tinoona kuti, Mwari mumwe chete waiva muTestamente Yakare waiva muTestamente Itsva. Tichidzika kusvika kuKanzuru yeNicaea, Akanga achingova muchechi. Uye pano tinoMuona, mumazuva okupedzisira, Mwari mumwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete, chiratidzo chimwe chete, mashura mamwe chete, zvishamiso zvimwe chete, kuzviratidza kumwe chete, chinhu chimwe chete.

273 Teererai. Munoziva ndinoita basa romumishinari. Ndanyatsotenderera chaiko kanomwe kupoterera pasi pose. Cherechedzai. Uko kunyika vanhu kwavasingatombozivi siyano yoruvoko rwerudyi nerworuboshwe, kwavasingatombotauri kana inzwi rimwe chete remhando ipi zvayo yechirungu. Vamwe vavo, havatombori nemutauro wavanoti wavo. Ha—havana zvirevo kana chii. Vanongoita runenge ruzha seshiri. Vamwe vavo vanoita ruzha kunge mhuka dzavanonzwa mumasango; kurira, kukuma, nokuita mhando dzose dzeruzha. Havana kumbonzwa chinhu chakafanana naJesu Kristu kana chimwewo chakadaro. Asi, hama, rega Mweya Mutsvene uuye pamusoro pavo, vanoita zvinhu zvimwe chete zvamunoita pano chaipo. Ndizvozvo. Chaizvo. Vanoita zvinhu zvimwe chete zvamunoita pano chaipo muTempe, ndizvozvo chaizvo, musina chamambovaudza pamusoro pazvo. Kwete, changamire. Chinhu chimwe chete bedzi, ndicho chinoitwa noMweya Mutsvene. Vanoita chinhu chimwe chete chamunoita. Ndiwo Mweya Mutsvene, hama.

274 NdiMwari muGermany. NdiMwari muSwitzerland. NdiMwari muArizona. NdiMwari kwose kwose. NdiMwari pamusoro pemba. NdiMwari muimba yepasi inochengeterwa zvinhu. NdiMwari muchechi. NdiMwari mauri. Ameni. Hongu, changamire. Ndinotenda maAri. Shoko rese raAkataura iZVANZI NAJEHOVHA. Ndinotenda Bhaibheri iri kuti iChokwadi. Ameni. Munozvitenda nenzira iyoyo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

275 Pane vanhu here vanorwara pano vanoda kunamatirwa? Simudzai mavoko enyu. Manheru apfuura takaita mutsetse wokunamatira muduku. Zvakanaka. Zvino, handina kuuya kuchechi nguva ino . . . Handina kuuya, munoziva, kuzopa makadhi okunamatira, uye—uye nokuunza vanhu kuno, uye pamwe nokutora vatanhatu kana vanomwe, gumi, kana vakaita saizvozvo, vanogona kundipedza simba kusvika pokuti vanofanira kutozonditakura vachibuda neni. Ndangouya, ndichinamatira, ndichingoisa mavoko pamusoro pevanorwara, nezvinhu zvakadaro, ndichienderera mberi.

276 Asizve, zvinogona kuitwa neimwe nzira. Zvinongova kuvanhu kuti vanoda zvipi, munoona, kana kuti zviri kuna Mwari, regai ndidaro, chero Mwari zvaanoda kuita. Asi ndiMwari, handina basa kuti ndokupi, zvinongova zvinhu zviri nyore.

277 Hama Welch, pamakarumwa nenyoka iya, hapana kumbova nechiratidzo pamusoro pazvo. Chakavapo here? Ndakangoisa mavoko pamusoro pavo. Zvakangova izvozvo bedzi. Nokuti, NdiMwari.

278 Mamwe manheru, kana kuti pane imwe nzvimbo pataidya kudya kwamangwanani, ndinoda kukuudzai, pane chimwe chinhu chakaitika mavhiki mashoma apfuura, kubvira pandakarasikirwa naamai vangu. Uye ndichinamata, ndiri mumasango, uye ndakangopfeka bedzi hanzu dzomukati dzisingapinzi chando, kuti ndikwanise kupinda mubako munguva dzechando, kuchitonhora zvokuumba mazaya echando kunze uko, ndiriko mazuva namazuva, nohusiku huchitevedzana, ndichirarama ndiri pamberi paMwari, kusvikira Akaburuka kuzotaura neni, hongu, changamire, uye ndine chokwadi kuti zviri saizvozvo. Zvinofanira kudaro. Ndinofanira kuva nechokwadi nezvandiri kutaura pamusoro pazvo, nokuti ndine mweya inonditenda. Uye ndine mweya yandiri kutaurira Chokwadi, iyo yandakatumirwa naMwari, uye Mwari wakasungirwa kumira seri kweShoko raKe achitsigira. Uye achazviita. Hongu, changamire. Kana Akakutuma, Anosimbisa kuti Ndiye akutuma. Ndizvozvo chaizvo. Ameni. Ndinozvitenda. Hamuzvitendi here? [Ungano inoti, "Ameni,"—Mupepeti.] Ameni.

279 Ini—ini ndinoziva kuti Aripo pano izvozvi. Ameni. Uye panotova nezviri kungodururuka pamusoro pangu izvozvi. Ini—ini ndinoziva kuti takagara manheru ano munzvimbo dziri muChadenga muna Kristu Jesu. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ameni.

280 Ndava kushandura pfungwa dzangu. Handisini ndashandura pfungwa dzangu, asi Mwari ndiye wadzishandura. Ameni.

281 Handina munhu wandiri kuona wandinoziva muno, kunze komudzimai uyu akagara pano apa. Mudzimai uyu, ndinotenda wakanamatirwa manheru apfuura. Vose vanorwara, simudzai mavoko enyu. Vose vasingandizivi, uye vanoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro pavo, ndivo vandinoreva, simudzai mavoko enyu. Zvakanaka, kwose kwose, ndinofungidzira sokudaro. Ndizvozvo. Kana Mwari, Mwari mumwe chete iyeye . . . Ameni.

282 Hekunoi kudenha. Tarisai uko, vanhu vausingazivi, vausina kumboona. Kana uchirwara, Mwari anozviziva kuti unorwara. kana mwoyo wako wakaderera, Anoziva kuti mwoyo wako wakaderera.Kana wakatadza, Iye anozviziva kuti wakatadza. Unotaura pamusoro pechishamiso!

283 Zvino, zvinotora simba raMwari Samasimba kuburuka nokuratidza kuti Iye ndiye Mwari mumwe chete wakagara ari nguva dzose, uye kuti arambe ari Mwari. Dai Akazviita

kanokwana katatu muimba ino izvozvi, ruviri kana rutatu, se—sechisimbiso. Handi—handizivi kuti Achadaro here kana kuti kwete. Asi ini . . .

284 Ndiri kuona wachi iyo yava kusvika pa9:30. Ndinoziva, pane mutsetse wokunamatira une vanhu vazhinji zvakadai, unogona kutisvitsa pa11:30. Uye ndinoziva Hama Norman vachatyaira nzira yose kudzika zasi uko, mamaira zana neanoraudzira kusvika kuTucson; nevamwe vakasiyana—siyana. Uye mangwana manheru, ndine masevhisi gumi kana gumi namaviri achiripo, pamwe gumi namashanu okuti ndiparidze. Ndango . . .

285 Ndinotenda izvozvi, kana mukatenda pamwe chete neni, kuti tinotova munzvimbo dziri muChadenga. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Regai ndibvunze, nokuzviratidza kwamuri, kuti Mwari achiri Mwari pano muimba ino manheru ano, sezvaAkanga akaita, apo Abrahama, akataura naYe uko ari mumutumbi uya wenyama.

Rangarirai, nyama iya, handizivi kuti yaiva chii.

286 Vakati, "Mutumbi weshoko." Vashumiri vanoedza kuti waiva mutumbi weshoko. Asi mutumbi weshoko ungadya sei nyama yakapfava yemhuru? Kwete, changamire. Mutumbi weshoko haudyi.

287 Waiva Munhu ari mumutumbi wenyama, asi wakanga ari Mwari. Chaiva chiratidzo chei? Iye akati, "Sezvazvaiva mumazuva aRoti naNowa, ndizvo zvazvichava pakuuya kwoMwanakomana wemunhu," apo Mwari achaburuka achipinda munyama yemunhu nokuzviita kuti Azikanwe, sezvaAkangoita kumashure ikoko. Zvakanga, rangarirai, ndicho chakava chiratidzo chokupedzisira chakapiwa moto usati wadonha nokuparadza Sodhoma neGomora.

288 Uye nyika ino nhasi, norudzi rwuno, nevanhu ava, zvava seSodhoma rechizvino—zvino. Ndizvozvo. Uye Wakati chii? "Sezvazvaiva mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichava; vaidya, vachinwa, vachipanana mumichato."

289 "Sezvazvaiva mumazuva aRoti." Chii chakaitika apo Roti, mumazuva aRoti? Chii chakatora nzvimbo? Tarisai. Mutumwa wakaburuka, kana kuti Vatumwa vari muchimiro chomunhu. Uye Murume uyu, neZvake . . . Asingazivi Abrahama, wakamuudza pamusoro pemamiriro ake, uye pamusoro paSarah, nezvaizoitika, nezvose pamusoro pazvo. Uye ipapo akaona, ipapo, iye Abrahama akagutsikana kuti uyu waiva Mwari, ndokutanga kureverera hama yake. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Mwari wakazvivimbisa.

290 Hazvina mhaka, hamufaniri kunge muine zivakwa guru. Hamufaniri kuva ne—nezvuru mumusangano uno. "Panoungana vaviri kana vatatu, Ndiripo pakati pavo," kana Mwari

akazviratidza manheru ano, anogona kunzvera pfungwa dzenyu.

291 Uye Bha—Bha—Bhaibheri rakadaro, muna VaHebheru chitsauko 4. Nyatsotereresai. "Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo wose unocheka kwose, richibaya kusvika panoparadzana mwongo nebvupa." Ndizvozvo here? "Uye Rinonzvera pfungwa dzendangariro." Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

292 Shoko raMwari chii? "Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raiva Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Nekurarama kwaKe kwakarurama uye mutumbi waKe wakacheneswa, Ropa raKe rakachena risina kusvibiswa, Wakaripa pachena kwatiri vatadzi vasina kuchena. Uye kubudikidza naizvozvo, Mwari wakatora chipiriso chaKe ndokuchenesa Chechi, kuitira kuti Agozotuma Mweya waKe Mutsvene kuti uenderere mberi nemabasa akaitwa naJesu. "Mabasa andinoita nemi muchaaitawo." Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

293 Munomutenda here kuti Jesu Kristu wakanga ari Mwanakomana waMwari wakazvarwa nemhandara? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Munotenda here kuti Ropa raKe—raKe dzvene harina kuvapo nokuda kwemunhu? ["Ameni."] Izvozvo tinozviziva kuti chizenga cheropa chinobva kumunhurume, asi apa waiva Mwari ega Uyo wakasika Ropa nokuunza Mwanakomana Kristu Jesu. Uye iye Waiva Mwanakomana waJehovha Mwari. ["Ameni."] Mwari waigara maAri. Uye zvino paAkapa Hupenyu hwaKe, kuti huve mubhadharo werusununguko pamuti, uye Akachenesa mutadzi uyo achatenda kwaAri, uye akaMutora, akaMuita yananiso kwezvivi zvedu zvatakaita, akatisuka nemvura yeShoko akatichenesa, zvino tava vakacheneswa. Hakusi kunaka kwedu, asi itsitsi dzaKe, kuitira kuti Mweya Mutsvene uenderere mberi nebasa kuChechi, kudzika nomuzera, kuisa pachena "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Ameni.

294 Zvaenda pamusoro pezvinhu zvitatu zvino, "zuro, nhasi, nokusingaperi," mitsetse mitatu yechechi. Ameni. Regai Mwari adaidze kubva mumitsetse mitatu nokudaro. Muchazvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

Ngatinamatei.

295 Baba vedu voKudenga, Imi bedzi ndimi munogona kuita izvi, asi kuitira kuti vanhu ava vazive, Ishe, kuti nguva yaswedera. Tinogona kusararama kusvika mangwana mangwanani. Izvozvo hatizivi nezvazvo. Asi tinofanira kusangana neMi. Izvozvo tine chokwadi nazvo. "Nokuti munhu anofanira kutanga kufa, uye mushure mezvizvi kutongwa kotevera." Tinosungirwa kusangana naMwari pane imwe nzvimbo.

296 Uye, Mwari Baba, ndadzidzisa manheru ano kuti Muchiri Mwari mumwe chete. Uye vanhu, Ishe, ndinovimba kuti Muchazviita kuti Muve wamazvirokwazvo, nenzira iyi, Baba.

297 Ivo, vanzwa kuparidza. Tine vamwe vevaparidzi vakaisvonaka, ndinotenda, Baba, vanogona kuwanikwa pasi rino, vanowanikwa munyika ino, uye vari vatsvene chaivo, varume vakazvipira kushandira Mwari, muchechi idzi dzakaisvonaka kose uko, munyika ino. Ndinozvitenda izvozvo. Ihama dzangu. Uye ndakauya, Ishe, pakati pavo, somuenzi rimwe zuva, uye vakandigamuchira. Uye vakanditora, uye vano—vanondida.

298 Uye—uye, nguva zhinji ndinotsiura nokutaura zvinhu, kunyange zvakadaro. Ndinovaona vachifamba nerimwe sangano, masangano achivabvisa panzira yechokwadi, ipapo ini ndovatsiura. Asi zvakadaro vanoramba vachingotapira, vachindida, naizvozvo ndinoziva kuti varanda veNyu, Baba. Uye vanoziva kuti handizviitiri kuti ndive munhu akaipa; Ishe, Imi hamaizoshanda nomunhu wakadaro. Zvino, Baba, tinoziva kuti, nzira yokudzokera, kubudikidza nomuhutsvene, nokucheneswa noMweya, noupenyu hwakazvipira. Regai vanhu . . .

299 Panogona kuva navaenzi pano manheru ano. Panogona kuva nemaPresbhatariyeni, maMethodisti, maKatorike, bo—bo—boka rinesu manheru ano. Panogona kunge paine vamwe vasingatendi. Uye zvino, Baba, pakungoparidza Shoko bedzi, vane kodzero yokubva voenda, pamwe, vagoti, "Mufundisi wangu unozvidzidzisa nenzira yakasiyana. Muprisita wangu unotaura nenzira yakasiyana."

300 Asi, Ishe, pavanoziva Izvozvo, Bhaibheri, masangano ose anoziva VaHebheru 13:8 inoti, "Iye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Zvino, Imi, Ishe, izvozvo . . .

301 Mumwe mudzimai muduku wakabata hanzu yeNyu rimwe zuva, achidzvekenyedza nomumhomho yavanhu, Imi mukacheuka, mukati, "Ndiani aNdibata?" Munhu wose akaramba. Asi simba guru iro raMwari raiva maMuri, kuzara kwaMwari, Makatarisa—tarisa muungano kusvikira Makamuona mudzimai muduku uyu waiva nechirwere cheropa. Uye zvino paMakamuudza pamusoro pazvo, ropa rake rakamira kuerera. Rakamira.

302 Muri Mwari mumwe cheteye. Ndinonamata, Mwari, manheru ano, kuti Muchachenesa vatendi ava vari muno vanorwara. Kana mumwe zvake, kana kuti mumwe kubva mumutsetse woga woga, kana vanopfuura, Ishe, tichiyambuka, kumashure, kumashure, vakamira kunze, kwese kwavanogona kunge vari, kuti mumwe munhu aone, zvinopfuura mumvuri wokupokana, kuti, "Ichi ndicho Chokwadi. Mweya Mutsvene ndewazvokwadi. Uye Bhaibheri nderazvokwadi. Uye Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Ndakumbira

kuropafadzwa uku muZita raJesu Kristu, uye kuitira kubwinya kwaKe. Ameni.

303 Zvino, kuvungano iyi duku yakamirira, ndinoda kuti imi munamate kwenguva shoma, mumwoyo yenyu, uye ndinoda kuti mutarise kuno uku. Ndinoda kuti mutende nemwoyo yenyu yose kuti Mwari ari muimba ino. Zvino, Ari muMweya. Tose tinozviziva izvozvo. "Mwari. . . " [Ungano inoti, "Mweya."—Mupepeti.] "Uye avo vanoMunamata vanofanira kuMunamata muMweya nomuZvokwadi." Zvino, Chokwadi chii? Kristu, Shoko. Shoko iChokwadi. Mweya ndiwo Mweya Mutsvene. Shoko iChokwadi. Uye Mweya Mutsvene unotora Shoko revimbiso woriita kuti riitike. Maona? "Kana mukagara maNdiri, naMashoko aNgu mamuri, vimbiso yose iri Umu ndeyenyu zvino. Maona? Kana mukagara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri," zvadaro hamusisiri imi. Rava Shoko revimbiso riri kuzviita. Mazviona? Ndinotarisira kudaro, vana. Ropafadzwai mwoyo yenyu.

304 Rimwe ramazuva ano tichava nemharidzo yedu yokupedzisira zasi kuno. Munozviziva here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino tinozofamba tichikwira kumusoro.

305 Uye imi muti, "Baba, Mwari, Hama Branham havana chavanoziva pamusoro pangu." Pamwe iwe hautombondizivi. Chero, hazvinei kuti uri kupi, chero pauri muimba ino. Maona? Ingoti, "Baba, Mwari, haana chaanoziva pamusoro pangu, asi ngaataure neni andiudze kuti dambudziko rangu chii, kana chimwe chakafanana naizvozvo, ipapo ndicha—ndichaKutendai. NdinoKutendai, nokuti Shoko zvino, ndinoziva, rava nyama; naiye neni, pamwe chete, takabatana naMwari, Mweya Mutsvene uri pano. Ngauzviite."

306 Mudzimai uyo une mavoko ari pamakumbo ake, akaita sezvizvi, watarisa mudenga akati, "Hongu," ipapo chaipo, paagutsurira musoro wake. Wazvitenda. Wataura chinhu chakarurama.

307 Pane mumwe mudzimai pane imwe nguva, mudzimai weSirofonike. Waiva wemamwe Marudzi asiri ma Judha. Wakauya kuna Ishe Jesu, akati, "Ishe, Mwanakomana waDhavhidha, nzwiraiwo mwanasikana wangu tsitsi." Zvino, Iye wakanga asiri Mwanakomana waDhavhidha kumudzimai uyu. Mudzimai waiva wemamwe Marudzi, munoona, saka Iye wakaenderera mberi sokunge Asina kumbomuona. Uye mudzimai akadanidzira achiMutevera.

308 Uye pakupedzisira Akatendeuka, akati, "Hazvina kufanira kuti Ini nditore chingwa chavana ndigochipa kuimbwa."

309 O, izvi zvingadai zvakaita here kuti vamwe vedu vanonzi Makristu vafare nazvo, kutiti imbwa! Mudzimai uyu haana kudaro. Akaziva kuti chaiva chokwadi.

310 Akati, "Ichokwadi, Ishe. Asi vana . . . Asi imbwa dzinodya mafufu anodonhera pasi petafura yaTenzi."

Iye akati, "Nokuda kokutaura uku, nokuti wataura izvi."

311 BP yaunayo nokurwara kwemwoyo, kana ukatenda nomwoyo wako wese, zvinokusiya. Unozvigamuchira here? Waona? Ndiro ranga riri dambudziko, ranga risiri iro here? Ichokwadi. Ingozvitenda! . . . ? . . . Unotenda. Handina kumboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Mutsva kwandiri.

312 Pano, ngationei mumwe zvakare. Tichibva pamudzimai uyu, pane mudzimai muduku akapfeka rokwe regreen. Kana Mwari akasabetsera mudzimai uyo, anofanira kuvhiyiwa nokuda kwebundu. Ndizvozvo. Simudzai ruvoko rwenyu, mai. Handina kumbomuona muupenyu hwangu mudzimai uyu, asi ane bundu. Hutera nokushaya mufaro zviri mumwoyo make! Kana ukatenda kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndiye achavhiya nokuribvisa kubva mauri, pasina kuvhiya kunoitwa noruvoko rwemunhu, unogona kugamuchira zvawakumbira.

313 Wakagutsikana here? Unotenda here? Mumwe munhu muimba ino, ngaanamate, nokutenda nomwoyo wako wose.

314 Pano pane mudzimai muduku akagara pano, ari kunamata. Akapfeka bhachi recheki—cheki dzvuku. Anorwara uye haana simba. Achangobva pamabayo. Ndizvozvo. Munotenda here mai, kuti Jesu Kristu anokupodzai? Kana muchitenda, simudzai ruvoko rwenyu mudenga chaimo, mugoti, "Ndinozvigamuchira."

315 Akagara pedyo nomudzimai uyu, murume anonzwa musana, munotenda here changamire, kuti Iye anogona kukupodzai? Naizvozvo simudzai ruvoko rwenyu, muti, "Ndinozvigamuchira."

Munotenda here? Magutsikana here? Saka chivai nehanya.

316 Nechokumashure—shure, pane mudzimai muduku, wachena musoro akagara ikoko ane kamucheka muhuro make, anonzwa arthritis mumavoko ake. Anga achinamata kwenguva refu kuti apore. Mudzimai, unotenda here kuti Mwari anokupodza? Akagara *apo*, pazasi *apa* chaipo. Unozvitenda here, kuti Mwari unopodza arthritis? Unogona kugamuchira zvawakumbira, kana ukazvitenda.

317 Murume akagara pedyo newe apo, anorwara neprostate, kana ukatenda nomwoyo wako wose, unogona kupodzwa. Unozvitenda here, changamire? Wanga uchiedza kuti mudzimai azvitende, asi watadza kumuita kuti azvione. Asi Mwari akupodza pachirwere cheprostate paApfuura nepamudzimai. Zvino wagamuchira kupodzwa kwako. Mwari akuropafadze. Zvapera. Zvaenda.

318 Hezvinoi. E—he. Munotenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Magutsikana here? ["Ameni."] Nokudaro ngativei

nehanya. Imi mose mava nehanya here? ["Ameni."] Vangani muno umu vava nehanyn'a? ["Ameni."]

319 Pane mutadzi here ari muno? Une hann'ya here nekwauchaperera? Tisati tanamatira vanorwara. Une hanyn'a here nekwauchaperera? Kana une hanyn'a nekwauchaperera, wadii wafamba ukauya kuno mberi ugamuchire Kristu, apa uri muHupo hwaKe chaihwo pano papuratifomu. Huya pano. Ramba uchiuya. Vamwe vanhu vose vane—vane hanyn'a uye vanoziva kuti havana kururama pamberi paMwari, ndiri kukukumbirai manheru ano kuti muuye pano chaipo paaritari, muzomira pano kuti munamatirwe. Mukati kana kunze, hazvinei kuti uri kupi, famba uuye pano. Mwari akuropafadze, mudzimai. Ndiyo nzira yokuzviita nayo. Pane mumwe here ane hanyn'a nekwaari kuenda? Kana usina chokwadi chokuti wakarurama, uye uine hanyn'a, huya.

320 Wagutsikana here kuti uyu ndiKristu? Wagutsikana here kuti—kuti ini, munhu, handigoni kuita zvinhu izvi? Wagutsikana here kuti Mwari wakavimbisa kuita chinhu ichi mumazuva okupedzisira? Ndiro Shoko raMwari. Iye waka— . . . Wagutsikana here pamusoro pazvo?

321 Ndaona chimwe chinhu chichiitika ipapa. Mwari ngaakudzwe! Vachazviona. E—he. Zvakanaka. Zvino, Mwari ngaarumbidzwe! Izvi zvinoshamisa. Ameni. Kana imi . . . O!

322 Magutsikana here, magutsikana? Munonyatsotenda here nomwoyo wenyu wose? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Pane mumwe munhu here asina chokwadi chokuti akarurama pamberi paMwari, kana kuti kwete, haungauyi here ukazomira pano kuti upuwe shoko romunamato kwekanguvana? Nyatsouya kuno. Zvino kana uri . . . Kana kuti, usina kugutsikana kuva nechokwadi chokuti wakarurama?

323 Vamwe venyu madzimai vachiri kungoti vane Mweya Mutsvene, asi muine bvudzi pfupi, munoda kundiudza here kuti, nokuparidza kwose uku, hamusati magutsikana apo Bhaibheri rakataura zvarakataura pamusoro pomudzimai ane bvudzi pfupi? He? Uye muchipfeka nokuzvibata . . . Vamwe venyu imi varume muchiri kuputa nokungoita zvose zvose? Vamwe venyu madzimai vanopfeka hanzu idzi, Mwari akati dzinoMunyangadza?

324 Unoti, "Nyama haina musiyano wainopa." Saka nemhaka yei Mwari wakamutsa nyama yaKristu? Sei tichifanira kurarama zvine hutsvene, kana isina zvainoreva? Iyo, zvirokwazvo, ichadzokazve, pakumuka. Ndizvozvo.

325 Munotenda here kuti uyu Mweya waMwari, ipapa Ari kukupomerai mhosva. Ndizvozvo. Uye unozopomerwa mhosva sei? "Awanirwa mhosva pachiduku awanirwa mhosva pane zvose." Munoziva kuita zviri nane.

326 Mumwe munhu akati, sezvandakataura manheru apfuura. Mumwe munhu akati kwandiri, "Hama Branham, munodiiko kusiyana namadzimai? Siyanai nevarume. Regai kuita izvozvo." Akati, "Muri . . . Vanhu vanofunga kuti muri muporofita."

Ini ndikati, "Handisi muporofita."

327 Iye akati, "Asika, vanhu vanoti ndizvo zvamuri. Sei musingavadzidzisi magamuchiriro avangaita zvipo zvoMweya?"

328 Ndikati, "Ndingavadzidzisa sei masvomhu ivo vasingatombozivi maABC avo? Havana kudzikama kwakakwana kwokuti vazvichenese nokuzvibata seMakristu. Ungagovaudza sei pamusoro pezvinhu zveDenga zvepaMweya?" Ndizvozvo.

329 Chechi yePentekosta ngaizvitwasanudze, izvigadzirise panaMwari, uye ndichakuratidzai kuti Mweya Mutsvene unobva watouya wopinda. Sei, izvi, chechi, inobva yazara nesimba roMweya Mutsvene, hapazovi kana nenhengo imwe chete inoita chivi chimwe. Mweya Mutsvene unobva wachibata nokuchibudisa, sezvakaita Ananiya naSafira. Ndizvo. Asi hamungagoni kuzviita, kana muchitadza kugamuchira dzidziso yenyu yapakutanga. Zvirokwazvo hamungakwanisi.

330 Huyai pano, paaritari, sezvaita madzimai awa. Munoreva here, kuti panongova nemadzimai maviri muboka iri rose? Rangarirai, inyaya iri kwamuri, uye iri pamavoko enyu, uye hamuzombogoni kuigeza ikabva.

331 Ngatikotamisei misoro yedu. Huyai mberi zvino, apo tichitenda zvino paAri, apo tava kunamata.

332 Iwewo, wakamirirawo kuti uponeswe, mukomana? Mwoyo wako uropafadzwe, mwanakomana wangu. Mira hako ipapo.

333 Zvino, tichikotamisa misoro yedu, vari kuunza mumwe mudzimai pamwe asingagoni kufamba, kana zvakadaro, ari kuuya kuzogamuchira ruponeso rwake. Zvino tava kuzo . . . Izvozvo zvakanaka, ingoregai amire ipapo paari. Zvakanaka, hanzvadzi. Haufaniri kufamba, kuti uzviite. Anouya pachigaro pawakagara chaipo. Ngati . . . Mudzimai anoda kungo . . .

334 Zvino, kana mudzimai, asingakwanisi kunyatsofamba, ivo vachitosenerera naye, akagutsikana kuti ichi chinhu chakarurama, uye akagadzirira kuuya kuzotendeuka nokuda kwezvakaipa zvaakaita, ko imi madzimai, nemi varumewo, munogona kumira netsoka dzenyu nekufamba zvakanaka? Zvichasimuka paZuva roKutongwa.

335 Nokuda bedzi kokuti tine zita rokuti Pentekosta, izvozvo hazvina zvazvinoreva. Unofanira kuzvarwa patsva. Kana wazvarwa patsva, unofamba muChiedza cheBhaibheri. Unoita zvakanzi neBhaibheri uite. Ameni.

Ngatinamatei zvino.

336 Baba voKudenga, Hupo hweNyu huri pano, uye, o, zvinotipa kushinga kwakadini kwokutaura kana Hupo hweNyu huri pano, nokuti tinoziva kuti hatisiri isu tiri kutaura ipapo. Mweya Mutsvene. Uye, O Baba, zvinorwadza sei dzimwe nguva kunzwa inzwi re—reNyu chairo richitaura zvinhu zvaungasazombotaura, zvachose. Asi zvino, munhu ungapokana sei kuti uyu Mweya Mutsvene, mushure mokuMuona achiita mabasa aAkaita paAkanga ari mumutumbi waIshe Jesu, uye akatisiira vimbiso yokuti Achazoita mabasa mamwe chete nomatiri, varanda vaKe?

337 Uye zvino, Baba, tine mufaro nokuda kwaKe nokuti Wauya kuzotsiura nyika nokuda kwechivi. Chivi kusatenda. Avo vanoti izvozvo hazvigoni kuitika, asi apa zvaratidzwa kuti zvinogona kuitika. Uye pazvinyorwa zvesainzi nhasi, tinoziva kuti Imi maZviratidza kuti munesu, nezviratidzo zvizhinji zvisingakundiki.

338 Hepanoi vanhu ava vakamira vakapoteredza aritari manheru ano, mushure mokudana uku nokuparidza Mharidzo iyi, yokugutsikana ndokuzova nehanyn'a. Vanoona kuti upenyu hwavo hwanga husina kudzama, uye ivo—ivo havana kunge vachigona kuita zvinhu izvi izvo zva—zvavaida kuita. Uye vaona kuti haisi mhosva yeNyu, asi vaona kuti imhosva yavo. Saka vauya manheru ano, Ishe, kuzoreurura kuti vakakanganisa.

339 Vamwe vemadzimai maduku aya vakagera bvudzi, vakamira pano, sezvavakaita manheru apfuura, vari kuziva kuti ichi ichokwadi. Bhaibheri rakadaro. Chinhu chinozvidzwa. "Hachisi chinhu chamazuva ose here kuti mudzimai anamate aine bvudzi rake sechifukidzo chake, chifukidzo chake chakagerwa? Anozvidza musoro wake." Iyi idzidziso yeChikristu! Uye mudzidzisi mukuru wakatidzidzisa izvozvo, Pauro, wakati muna VaGaratia 1:8, "Kana Mutumwa anobva Kudenga akauya, achiparidza chimwe chinhu chisiri chandakadzidzisa, ngaave wakatukwa." Tinoziva kuti ichi iChokwadi.

340 Uye, Baba, vashumiri ava vanokosha vachizviparidza, awa mushure meawa, awa mushure meawa, ungano apo ichiramba ichingodzadzarika. Vanoshuva sei mumwoyo mavo kuona chechi dzavo dzose dzakazara noMweya Mutsvene, uye makagaramo varume namadzimai vane humwari. Uye Mweya uine simba rakanyanya, munzvimbo iyo, kusvikira chivi chese muchechi chinoiswa pachena, zvishamiso zvikuru nezviratidzo zvichiitika sezvazvakaita mumazuva okutanga.

341 Uye, Baba, tinobva tabva panzvimbo tichienda pane imwe nzvimbo, tichipa uchapupu hwedu nehama dzedu. Uye vachiona Mweya Mutsvene uchifamba nomumashandiro akasiyana—siyana, vagoziva kuti ndiMwari, ipapo vanozomira vachipomerwa mhosva. Uye zvakanzi, Ishe, "Vamwe vanhu zvivi zvavo zvinoenda pamberi pavo; vamwe zvinovatevera." Ava vari

kureurura zvavo manheru ano, Ishe, kuti zviinde mberi kwavo. Ndinonamata kuti Muvabatsire, mumwe nomumwe wavo, Ishe. Uye zvino vachizvipira mwoyo yavo kwaMuri, vachiKupai mwoyo yavo, hupenyu hwavo, kuti vakushandirei. Chii chimwe chavangaita, Ishe?

342 Zvino dai Mweya Mutsvene, Wauya nokupikisa, neShoko raKe uye noHupo hwaKe, kuti asimbise Shoko raKe, nokuRiita zvamazvirokwazvo Chokwadi, dai Akavapa chikamu icho chokucheneswa chichavapa chishuvo chemwoyo yavo, kuitira kuti vaKushandirei. Ipai izvi, Ishe.

343 Umwe mweya wakakosha wakati apo muvengi wakanga . . . Mudzimai waiedza kuponeswa nokururama, uye muvengi akaramba achingomuita kuti ataure mashoko akaipa anopesana naMwari, kana kuti pfungwa dzakaipa dzinopesana naYe. Ndinonamata, Baba, zvino somuranda weNyu.

344 Ndinotsiura dhimoni iroro. Ibva pamudzimai uyo. Musiye. Mwari woKudenga dai akamuzadza noMweya Mutsvene. Uye, Satani, hauchagoni kuramba wakamusunga. Musunungure. Rega aende, muZita raJesu Kristu.

345 Chechi ino, Chechi tsvene yaMwari, inonamata muhumwe—chete, kuti dhimoni iri rirege kudzoka kwaari zvakare. Dai akaenda zvino murugare rwaMwari, nomuZita raJesu Kristu. Tinozvipira izvi kwaMuri, Baba, kuti zviKupei kubwinya. Ameni.

346 Zvino, pasina kana mumvuri umwe wokupokana mumwoyo yenyu nomundangariro dzenyu, zvino panheyo iyi bedzi yokuti Mwari wakaita vimbiso, uye imi mauya kuzozvipira hupenyu hwenyu, uye muchitenda nomwoyo wenyu wose, imi makamira paaritari ino manheru ano, muchiudza Mwari kuti mune urombo nezvamakaita, kuti kubva zvino muchararama hupenyu hwakasiyana. Munotenda here kuti Mwari anonzwa minyengetero yenyu, uye kuti muchazodaro? Simudzai ruvoko rwenyu kwaAri, muti, "Ndinokugamuchirai Imi, Ishe wangu." Ameni.

347 Mwari akuropafadzei. Zvakanaka izvi. Zvino munogona kudzokera kuzvigaro zvenyu moziva kuti zvose zvapera. Ndinozvitenda. Munozvitenda here, munhu wose uko? [Avo vanga vauya mberi vanoti, "Ameni."—Mupepeti.]

348 Zvino, vangani venyu kunze uko vanorwara, uye vasina kuwana . . . avo Mweya Mutsvene vausina kumbo . . . Nokuti, ndaona vana kana kuti vashanu. Zvatoitika, zvaita sokubva pandiri zvino, zvokunzvera vanhu zviya. Asi ndakuona iwe, mumwe munhu ari kumashure *uko*, kana kuti, kumashure—shure uko, akamira kumashure uko. Asi handicharangariri kuti changa chiri chii. Chiedza chiya changa chiri pamusoro pavo. Ndaona zvaitika. Asi Mweya Mutsvene uri pano, shamwari.

Munozvitenda here nomwoyo wenyu wose? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

349 Zvino vangani muno vakagamuchira kubhabhatidzwa noMweya? Simudzai mavoko enyu. Zvakanaka. Bhaibheri rakati, "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda." Mungaisa here mavoko enyu mumwe pane mumwe? Regai ndikunamatirei, kubva pano papuratifomu.

350 Zvino, yava 10:00 iye zvino, maminitsi mashanu tisati tasvika pana 10. Sevhisi inotevera yati yaziviswa nezvayo here? Ndekupi kwamunga . . . [Hama Branham vanotaura nemumwe munhu papuratifomu—Mupepeti.]

351 [Hanzvadzi inoti, "Hama Branham?"—Mupepeti.] Hongu, mudikanwi. [Hanzvadzi inotaura neHama Branham.] Zvirokwazvo.

352 MuZita raJesu, ngaaende apore kubva paasima iyi, uye ngaisazomunetsa zvakare. Ameni.

353 Mwoyo wako ngauropafadzwe. Ndinoziva kuti yava kuzokusiya, uye uchasimba, ugogwinya, murume ane hutano.

354 Mwari Samasimba, tiri vana veNyu, nokutenda muna Kristu Jesu. Tiri nhengo dzoMutumbi waKristu, nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Tiri vafambi panyika ino, vapfuuri, tichiziva kuti Denga ndiwo musha wedu, uye kuti pano hapazi ipo hugaro hwedu, saka tinotarira kuzvinhu zviri Kumusoro. Zvino, tinotenda kuti tiri munzvimbo dzomuChadenga muna Kristu. Regai simba raMwari Samasimba rimhare paimba ino, nokupinda mumwoyo woga woga.

355 Satani, tinokutsiura naJesu Kristu, Mwari mupenyu, kuti usiye vanhu ava. Buda mavari, Satani, ubve kwavari, kuti vapore nomuZita raJesu Kristu.

(Mumwe chete iyeye.)

356 Vangani vanozvitenda? Vangani vagutsikana? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vangani vava nehanyn'a? Simudzai mavoko enyu, muti, "Ini ndava nehanyn'a. Ini ndagutsikana kuti ichi iChokwadi. Kuti, ini ndagutsikana kuti nemavanga aKe ndapodzwa. Zvino ndagutsikana kuti kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene kwakarurama. Zvino ndagutsikana kuti Jesu Kristu ari pakati pedu."

357 Johane wakati chii? "Pane Mumwe wakamira pakati penyu, Mumwe wakamira pakati penyu, Uyo wamusingazivi."

358 Ndinofanira kushandura chikamu chaizvozvo manheru ano, nditi pane Mumwe wakamira pakati penyu, Uyo wamusingaoni. Ndiye Mweya Mutsvene. Ndiye Mumwe, ameni, anoita kuti vimbiso yose izadziswe. Munozvitenda here nomwoyo wenyu wose, nemweya wenyu wose, nendangariro yenyu yose? Simukai netsoka dzenyu nokudaro muzvigamuchire saizvozvo,

sekupodzwa kwenyu, seruponeso rwenyu, chose chamungava munoda.

359 Rangarirai sevhisi inotevera, mangwana manheru, iri kuchechi kweHama Outlaw. Hama Outlaw, zasi uko muPhoenix, mangwana manheru.

360 Ngatisimudzei mavoko edu zvino tiimbire Mwari rwiyo urwu. Handizivi kana ndichigona kurwuvamba kana kuti kwete.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida.

Pamwe chete.

Ndinomuda, ndinomuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida
Akatenda ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

361 Zvino, kunemi munouya muchitevera masevhisi, mangwana manheru tiri kuchechi yeHama Outlaw. Inonzi Chechi Ye Zita Ra Jesu, zasi uko kuPhoenix. Pa . . . Mune, hongu, hama, hongu. Hama Groomer pano vachazvizivisa. Zvakanaka.

362 Mwari akuropafadzei, kusvika ndakuonai mangwana manheru. Mwari ave nemi.

KUGUTSIKANA NDOKUZOVA NEHANYN'A SHO62-0118
(Convinced Then Concerned)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neChina manheru, 18 Ndira, 1962, paFull Gospel Church, muTempe, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2012 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org